

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Malebari I

R. Ng. Yasadipura I



Direktorat
Kebudayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

MENAK MALEBARI

Jilid I

TAMM	No. 1
18 NOV 1984	1343

MENAK MALEBARI

I

Oleh

R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
SOENARKO H. POESPITO

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka

BP. No — 1155

Hak Pengarang dilindungi Undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISI

Kata Pengantar	Hal
I. Prabu Hongtete badhe mapagaken Wong Agung	9
II. Prabu Hongtete teluk dhateng Wong Agung.	14
III. Wong Agung dipun subya-subya.	20
IV. Raden Jayusman badhe dhaup kaliyan Dewi Kunmaryati.	31
V. Dewi Sudarawreti tindak dhateng nagari Malebari.	42
VI. Dewi Sudarawreti nampeni pasumbang saking prabu Hongtete.	48
VII. Sang Prabu ing Sindhangdhayang badhe ngrebat Dewi Kunmaryati	54
VIII. Wong Agung kapanggih lan garwa putra.	62
IX. Sayid Ibnu Ngumar kadhustha dening Patih Sindhangdhayang.	71
X. Dewi Kelaswara seda konduran.	78
XI. Prabu Nusirwan dumigi ing kadhaton Medayin.	85
XII. Prabu Ibnu Ngumar luwar saking panganiaya.	91
XIII. Patih Bardas pejah.	97
XIV. Prabu Kiswa Pangindrus badhe nglurug dhateng Malebari	102
XV. Pejahipun ratu ing Kelan.	108
XVI. Sang Amir wungu saking kantaka.	118

I. PRABU HONGTETE BEDHE MAPAGAKEN WONG AGUNG

Gambuh

1. Prapteng soring wit jambu,
panggih Nusirwan ngulet markungkung,
rajeng Mukub denira angucap bengis,
"Heh paran Rajeng Medayun,
Apa urip apa layon?
2. Dene liwat alamu,
Arep ingsun pateni sireku,
Alanira denira kepati-pati,
Wong papa anumbuk-numbuk,
nduweni kalethek awon.
3. Lan ora eling dhapuk,
apa alane mantunireku?
Gawe becik sira sok males ngalani,
nguni ana kaulingsun,
ngong cacah den kaya waloh.
4. Saka pangwasanipun,
kang wus sun gawa parentahipun,
lurahingsun Sang Prabu ing Kandhabumi,
mateni raja Medayun,
anaa saenggon-enggon.
5. Kang bisa mbuwang iku,
parentah ingkang ana ing aku,
lamun ora angungkuli lurah mami,
Harya Maktal Marmayeku,
angungkuli lurahingong.
6. Dulbasir angreruntuh,

”Aja mangkono Nak prabu Mukup,
kaduwunge Wong Agung Surayeng bumi,
yen matia raganingsun,
tan wurung sira binendon.”

7. Angling Sang Rajeng Mukup,
”Weruhe saking ngendi Wong Agung,
parentahe sang nata ing Kandhabumi,
apan ingsun nora gadug,
maring Sang Jayeng Palugon.
8. Yen sira arsa usul,
lawan ta arep urip sireku,
anjaluka parentah ing Ngalabani,
apa dene Marmayeku,
angungkuli ratuingong.”
9. Anarik pedhangipun,
margagah cancut sang rajeng Mukup,
”Heh patimu iki Sang Rajeng Medayin!”
Nusirwan nangis anggung,
”Rajeng Mukub ingsun kapok.
10. Karyanen ta leskarmu,
naging sok uripana ta ingsun,
yen kongsia ketemu lan wayah mami,
Ki Rustam putreng Marpinjun,
mbesuk akeh upahingong.”
11. Gumujeng rajeng Mukup,
ratu panas baranan kalangkung,
gelis lebar welasan kepati-pati,
kakon aten gagap gugup,
naging batine sang katong.
12. Welasane kalangkung,
angling, ”Heh babo Rajeng Medayun,
Nora bisa yen sira njaluka urip,
atimu dhewe puniku,
wedia doseng Hyang Manon.

13. Aja ta mungguh mantu,
nadyan wong liya wis gawe ayu,
yen winales ing ala yekti nekani,
dukaning Hyang Mahagung,
tan kena amilih enggon.
14. Kaya papaning ratu,
sira iku pan uwis metu,
hiya saking wewilangan wong sabumi,
Kaya cilakaning jagul,
lewihi saking nama Bajod.
15. Lamun ratua tuhu,
kalethek ala tobat ping sewu,
Sira iku ratu panukmane Eblis,
tan duwe eling sarambut.”
Nusirwan abekah-bekoh.
16. ”Kepyuken bae ingsun,
wasuhen den kongsi kaya kapuk,
nora nedya ngarejet ingsun ing mangkin,
Sarehira Rajeng Mukub,
pan ingsun sira kaboyong.”
17. Angling Sang Rajeng Mukup,
”Lamun ta aja ndulua ingsun,
rowangingsun iki raja Sayidsami,
Pasthi kelakon sireku,
ingsun kepruk sun dhedhepok.
18. Hiya kuciwaningsun,
Menek sak kang duwe mara sepuh,
Nadyan jawal mertuwane den iloni.”
Wong Menak sigra amuwus.
”Sun jaluk iku Sang Katong.
19. Hiya lilanireku,
lawan apuranira den agung.”

Rajeng Mukup sumangga aturireki,
"Lamun paduka kang nanggung,
kula uculi Sang Katong."

20. Sibra nguculan gupuh,
anguswa suku Sang Jayeng Pupuh,
rajeng Mukup anggetak: "Lah sapa iki?"
Nusirwan wus sinung emut,
ngrangkul sarwi gero-gero.
21. "Dhuh kulup tobat ing sun,
Pira utange karatoningsun,
anemahi samene tibaning sakit,
sakehe nastapaningsun,
kaduwung sira Hyang Manon."
22. Angling sang rajeng Mukup,
"Sampun ta nangis tuwan Sang Prabu,
njojudhehi ing laku maksih piningit,
den maksih wadi ing laku,
cep menenga Sang Akatong."
23. Nging maksih sengruk-senggruk,
sakabehe tresna lan piduwung,
binetahken sinumpet sagung pakarti,
mantuk mring kalentheng gupuh,
wong agung katri wus lunggoh.
24. Kuneng malih winuwus,
Hongtete Cina nimbali nujum,
prapta satus ingkang nate anguwisi,
ambengkas reruwedipun,
nate nampurnakken ewoh.
25. Sru ngandika Sang Prabu,
"Heh sarupane kang para nujum,
nora ana wruh praptane ngulik-ulik
kang mateni geni murub."
ature nujum atamboh.

26. "Sira padha kang esuk,
payo nemoni kalawan ingsun,
pan Si Ulik-ulik sagung prapta enjing,
ngadu kasekten lan ingsun,
padha ngadhepa maring ngong."
27. Datan kawarneng dalu,
Hongtete Cina pan sadalu,
tan asare sumunu muja semedi,
senig-senig manahipun,
byar rina mijil sang katong.
28. Ngrasuk busana luhung,
sagung pusaka Cina rinasuk,
Geng aluhur rajeng Cina angajrihi,
pitung asta jenggotipun,
netra kadi netraning mong.
29. Saruwungan kumepyr,
sotya kang munggend jejenggotipun,
pira-pira herlaut lawan herthathit,
inganggit lawan jumerut,
mirah kang munggend jejenggot.
30. Prapta ing geni murub,
busanane kabeh kang rinasuk,
Yata wau prapta Raden Sayidsami,
kalawan sang rajeng Mukub,
kang namur mindha wong awon.
31. Wong roro kang tut pungkur,
prapteng nggone kang dahana agung,
pra dipati ingkang matur mring Sang Aji,
"Puniku pun Ulik rawuh,"
Mundur satindak Sang Katong.

II. PRABU HONGTETE TELUK DHATENG WONG AGUNG

Durma

1. "Timbalana Si Ulik neng ngarsaningwang,"
Wong Agung sigra prapti,
angling rajeng Cina,
"Nyata sira angucap,
cubluk kumprung tanpa budi,
-ratu ing Cina,
teka anembah geni."
2. Anauri Wong Agung: "Sayekti sira,
ratu tan duwe budi,
kumprung sanegara,
geni sira pangeran."
Rajeng Cina ngucap bengis,
Lah patenana,
geni neng ngarsa mami!"
3. Nujum satus kinejapan mring Sang Nata,
samy mrepeki geni,
ngubar kutugira,
menyan madu saharga,
murub lir ngayuh wiyati,
ngandika sugal,
Hongtete: "Mara nuli.
4. patenana!" Wong Agung mesem lumampah,
mrepeki nggoning geni,
gumrebeg swaranya,
urube kang dahana,
nujum satus cerik-cerik,
sami abeksa,
mukul kekenthung neki.

5. Tapekkonge beling kang mindha gupala,
satus den busanani,
kinalungan buntal,
binarok kinutugan.
Wong Agung Surayengbumi,
sigra amatak,
ayat Jabur ping kalih.
6. Rumekatak sirep urubing dahana,
mung kukuse kang maksih,
matak malih sigra,
surat Jabur sapisan,
tapikkong satus pra sami,
rebah mbelasah,
remuk awor lan siti.
7. Sami jetung nujum satus tanpa ngucap.
Ngandika Jayengmurti,
"Payo anyambata,
maring pangeranira,
konen nguripake geni;
tapikkongira,
kang remuk konen pulih!"
8. Ting palinguk nujum satus tanpa ngucap,
miwah sri narapati,
Wong Agung ngandika,
"Lah mara ingsun nyambat,
ya maring Pangeran mami,
nyirnakken bathang,
tapikkong lawan malih.
9. Awuning kang dahana padha sirnaa."
Meneng Sang Jayengmurti,
anedheng Hyang Suksma,
lesus prahara prapta,
Jabur winatak ping kalih,
maledug sirna,
dening lesus gumerit.

10. Rajeng Cina macucu sigra cinandhak,
maring Sang Jayengmurti,
wangkingan ingikal,
mubeng kadi likasan.
Rajeng Mukub anyandhaki,
nujum sadaya,
ingadu kumba sami,
11. Sakarine srah tobat. wau Sang Nata,
nungkul sakarsaneki,
anut ing agama,
nira. awak supata,
wong cilik datan ngawruhi,
wus tinarima,
sinelehaken aris.
12. Ingaturan manjing sadaleming pura,
wus agama pribadi,
sapraptaning pura,
sinugata kasukan,
sawusnya Wong Agung pamit,
mulih Karandhan,
sang nata anuruti.
13. Nanging anuduh bupati sakawan jaga,
kang rumeksa ngemiti,
naosken sugata,
ambekta pasareyan,
kang saking sajroning puri,
prapteng Karandhan,
Nyai Jungkoh nampeni.
14. Langkung ngungun pra dipati ngiring samya,
maring tamunireki,
lawan rajanira,
teluk mring tamunira,
ingkang nama Sayidsami,

mangkana dadya,
pasamuwan wismeki.

15. Patang ewu sadina ingkang ajaga,
ing sadina sawengi,
keringane randa,
sineba pra dipatya,
sugata andina gili,
mateng lan mentah,
wong Karandhan nampeni.
16. Ki Dulbasir andherek lenggah ing ngandhap,
mring sagung pra dipati,
ana kang uninga,
Dulbasir kalanira,
liwat papa kawlas asih,
apane ika,
si kaki miskineki.
17. Mring Wong Agung Sayidsami dene teka,
nunggil lenggah sumlinggring,
wau solahira,
angayem-ayem raga,
kuneng kawuwusa malih,
wau kang prapta,
neng ngampeyan nagari.
18. Kyana patih Cina lawan pra dipatya,
praptane Parangakik,
Lajeng maring Kelan,
marek Retna Sudara,
ki Patih den parentahi,
mantuk mring Cina,
lawan ambekta tulis.
19. Miwah gambar sasolahe putrinira,
cinatur gambar neki,
karobelah papat,

sapapan ngalih depa,
duk prapta Yujana kawit,
ingkang ginambar,
duk maksih amanggihi.

20. Kewusnendar kalawan Prabu ing Yunan,
aneng pinggir jaladri,
tingkahe sadaya,
pa malih duk paguwa,
miwah kalane apanggih,
Retna Sudara,
saurute pra sami.
21. Ginambaran miwah prange duk Pabuta,
putri buta katahil,
miwah prang Pataman,
patine ginambaran,
gambar binekta rumiyin,
mring dutanira,
Cina rekyana Patih.
22. Warni kalih geng alit warnaning gambar,
kang alit gambar neki,
kabekteng utusan,
gambar ageng punika,
kang sareng Rekyana patih,
ing kendelira,
lalakon pitung ari.
23. Sapraptaning utusaning patih Cina,
geger sajroning puri,
tangis awurahan,
langkung susah Sang Nata,
miwah sira ibu sori,
anggun busekan,
tangis sajroning puri.
24. Tigang dina watara sajroning pura,

saben kang pra dipati,
kori galedhegan,
sami pinasang damar,
dadya lawange pra mantri,
lawang sudagar,
tinugur damar lilin.

25. Sanagara mangkono pratingkahira,
bela tingkahing gusti,
tangis pan mangkana,
hiya saben salawang,
kang nagisi siji-siji,
lawang punggawa,
wong sakawan kang nangis.
26. Miwah kurmat tetuwuhan kembang-kembang,
Dene kang sami nangis,
sami kinudhungan,
kacu kadi likasan,
rinuruban sinjang putih,
sadina dina.
gumuruh sanagari.
27. Ironing pura prameswari kang kantaka,
rinapu ing raja ji,
"Uwis babo aja,
sira kadawa-dawa,
wus pastihi sutanireki,
marakken pejah,
salah tan olah manis.

III. WONG AGUNG DIPUN SUBYA-SUBYA

Dhandhanggula

1. Nora nganggo ature Si Patih,
kudu mungsuh Dewi Kelaswara,
putri abot sesanggane,
Dhingin ingsun wus pemet,
kala putri ing Kaelani,
ambedhah Sulandara,
pan arsa pinagut,
saking lanase kaliwat,
duk semana sun banget nora nglilani,
dene Ni Kelaswara.
2. Nora notog ing jajahan iki,
teka arsa pinapag ing aprang,
mung panas atine bae,
ing mengko pan datemu,
aneng praja ing Kaelani,
dadya atmajanira,
ingkang tambung laku,
Nini Putri kang sikara,
Kelaswara arsa pinagut ing wengi,
rame prang aneng taman.
3. Dire putranira mentas jurit,
amateni roro putri ditya,
iki ta manungsa maneh,
nora wissa dening sun,
Kelaswara iku meh mati,
nuli anyolong panah,
kagungan Wong Agung,
wasiyat Sang kakungingrat,

panah iku pangruwat ditya raseksi,
yutan aneng Jabalkap.

4. Putranira jatine tan keksi,
Adaninggar raja putri Cina,
wus katon danawa bae,
Hiya kalingan nepsu,
mila makan dening jemparing,
nepsune putranira,
iku katon diyu,
Prameswari aja susah,
mung nepsune putranira kang ngemasi,
yitma mulih mring Cina.
5. Sira iku ngandhut tigang sasi,
ya patine kapat tengah wulan,
bener tibane ing kene,
nepsune rupa diyu,
kang angrusak putri Kelani.”
Prameswari wus lejar,
mring raka mituhu.
”Iki yayi tingalana,
hiya gambar si Patih kang nggambar iki,
sapolahe nakira.
6. Prang Pataman iki bae yayi,
tingalana patine nakira,
ingadhep dening mungsuhe,
Kelaswara andulu,
pananjake putranireki,
gegetun jrih kalintang,
maring lakinipun,
Wong Agung Surayengjagad,
iku nyundhang sekarate Nini Putri,
renteng sapabarisan.
7. Malah iki kayange Si Patih,
ana muni yen Sang Kakungingrat,

musna atilar balane,
susah kang para ratu,
kaya susahira ing ngriki,
dene tetungguling prang,
musnane ing dalu,
kang ngimpuni pabarisan,
mung garwane putri saking Parangakik,
iku kang amet kadang.

8. Langkung sae lawan Nini Putri,
iki gambare, lah tingalana,
duk arsa mungsuh kakunge,
Sudarawreti ngamuk,
pan kinampung ing taman sari,
miwah putri Karsinah,
padha soroh amuk,
arsa ngukum Kelaswara,
suwe-suwe pinardatan ing para ji,
pan nora tibeng kisas.
9. Kelaswara tan nedya mateni,
anakira dhewe kang anyidra,
Wong becik arep pinaten,
Kelaswara aturu,
ing wismane rep den pateni,
patine putranira,
tetep dadi pandung,
tanpa gawe prihatina,
lawan iku kusuma Sudarawreti,
layange iki prapta.
10. Akeh prasadune aminta sih,
ing lupute Nini Adaninggar,
Si Patih lan punggawane,
wus anagrimeng luput,
keneng adiling para aji,
kana kene pan ora,

nana bedanipun,
kukum lara kukum pejah,
ing samengko oreme wong Puserbumi,
kalangan ing bandara.

11. Malah Si Patih layange iki,
ilangira Sang Surayengjagad,
dikira lunga marene,
gambare ing sun dulu,
kaya dhayoh Si Ulik-ulik,
kang dadi gustiningwang,
kang kuwasa iku,
mateni dahan amubal,
neng Karandhan enggone Si Gusti Ulik,
Si Wurung ika baya.
12. Bakal dadi mantuningsun pasthi,
nora siwah lan warnane gambar,
amendhem kula lakune.”
Mundhut rata Sang Prabu,
lawan ing kang garwa lumaris,
gumuruh wong jro pura,
kang ngiring Sang Prabu,
tedhak maring ing Karandhan,
mungging rata singgahane Amar Angin.,
praptane ing Karandhan.
13. Nyai Jungkoh gugup ngunguneki,
gawok dene katamuan nata,
wus weruh lamun tamune,
Sayidsami puniku,
kang pinaran dening Sang Aji,
kopat-kapit ni randha,
suka-suka methuk,
ubekan wong ing Karandhan,
Raden Sayidsami atedhak mring kori,
kurmat praptaning nata.

14. Datan wangwang Wong Menak ngabekti,
dene adil Sang Nata ing Cina,
panganggepe wong tuwane,
Ya ta sira Sang Prabu.
tedhak saking rata lan sori
pinethukaken sigra.
Wong Agung cumundhuk,
pan arsa angestu pada,
kipa-kipa rajeng Cina nyandhak aglis,
lan prameswarinira.
15. Anangisi: "Babo suta mami,
dipun agung ngapura pun bapa,
dene ta sanget kilape,
mring tuwan gustingsun,
yen anamur datanpa kanthi,
katuju mantuningwang,
kirim layang pemet,
pilamarma maring bapa,
anakingsun begja putri parangakik,
aweh surat pratela."
16. Prameswari Cina anangisi,
"Gustiningsun Surayengbawana,
awlasa mring wong tuwane,
Tedhakna putraningsun,
raja putri Parangakik,
lirune Adaninggar,
mulyakna pukulun,
nagaranira ing Cina,
gusti kelem pejahe arinireki,
Adaninggar neng Kelan.
17. Teka runtuh waspanira Amir,
awlas mulat kang kelangan putra,
rentenging tyas sakalire,
sampun tata alungguh,

Nini Jungkoh anglaladeni,
Sang Nata ngganjar marang,
Ni Jungkoh wus sinung,
wong Cina sewu kang wisma,
pinaringken mring Ni Randha ngepalani,
suka wadya Karandhan.

18. "Gambar saking putri Parangakik,
punika ngger garwa jeng paduka,
Si Patih Cina kang kinen,
anggambar tingkahipun,
sapolahe arinireki,
pinetha aneng gambar,
wus pakartinipun,
Cina wignya karya gambar,"
tinggalan Wong Agung ngungun ningali,
yektine kang pitetha.
19. Rajeng Cina aturira aris,
"Rayi tuwan Sang Retna Sudara,
embane ingkang kinengken,
Tumenggung Parangbatu,
pan ambekta bala sakethi,
kikirimung pun bapa,
ing saisinipun,
ing Parangakik nagara,
ing lampahe sareng kalawan pun patih,
kendel jawining kitha.
20. Dinten punika kula timbali,
kados-kados kawan dinten prapta,
Si Patih lan punggawane,
miwah pun Parangakik,
penede ngadhatona,
gusti putraningsun,
nagri Cina duwekira,"
aturira Wong Agung Surayengbumi,
"Nuwun mriki kewala.

21. Datan pae lawan dalem puri.”
Rajeng Cina ngandikeng punggawa,
amangun ngelar wismane,
sinungan tarub agung,
rinarengga ing pra dipati,
ing nguni wus sakawan,
Karandhan kang tugur,
mangkya kinon kawandasa,
para mantri samekta para dipati,
anenggih pitung dasa.
22. Neng Karandhan siniweng para ji,
lawan para punggawa nem dhomeas,
mantri sakethi gilire,
langkung sinuhun-suhun,
aneng Cina Sang Jayengmurti,
rajeng Cina jinarwan,
mring Sang Jayengpupuh,
”Punika raka paduka,
Ing Medayin binathara nyakrawati,
nut wingking ing kawula.”
23. Rajeng Cina tedhak angabekti,
”Dhuh pukulun paduka ngapura,
ing ari kathah lepate,”
Kaguntur wukir madu,
pan karoban samodra manis,
jaladri juruh kelang,
abalabur arum,
”Kawula datan supena,
kadhawahan nugraha sakethi wukir.”
Nusirwan aturira.
24. ”Yayi Prabu sun aran Dulbasir,
kongsi mindha nangkoda ing margas,
anelasan ing lakune,
putranira puniku,
geter ajrih mbok sira runtik,

marmane kedhampalan,
mring Cina srah lampus,
ing mangke yayi narendra,
wus amupus ing pati punika pasthi,
sukur Lata wal Ujwa."

25. Rajeng Cina andheku tur neki,
"Boten pisan-pisan makotena,
wus sami weruh pepasthen""
Sang Prabu ing Medayun,
aturira anembadani,
cidranira kalingan,
api-api nusul,
sumanggep kaya hiyaa.
Rajeng Mukub mesem andamoni bithi,
"Wong iki tenan dora!"
26. Kuneng dalu kawuwusa enjing,
Cinarita tangise wong Cina,
lalakon patang dinane,
sadaya urut lurung,
kadya siyang ing saben latri,
damar lilin sapucang,
padhang urubipun,
sadalu tan kena pejah,
praptanira wau Sang Rekyana Patih,
angiringaken gambar.
27. Kyana Patih lawan pra dipati,
samyang nyandhang pethak kudhung pethak,
angukusan ing kudhunge,
Dene kang munggeng ngayun,
wadya bala ing Parangakik,
prajurit seseliran,
rong lekse nem ewu,
sawadya wahana kuda,
kalih ewu kang samyang anitih hesthi,
pra samyang tetopong mas.

28. Kang tarenggos mas angudhup turi,
asri narawung ing dewangkara,
cingak kang umiyat kabeh,
Tumenggung Parangbatu,
anindhihi songsong bangun jring,
tetungguling manyura,
pantes rakitipun,
mungging sangarsaning gambar,
Patih Cina anambungi aneng wuri,
lan pra mantri punggawa.
29. Oreg nagri Cina gebel pipit,
ing samarga kang bela karuna,
kadya ampuhan swarane,
prahara wukir guntur,
ing Karandhan den busanani,
ingelar enggonira,
anganthi Sang Prabu,
lawan prameswarinira,
tri gumuruh tangise wong sanagari,
kadya akasa gugrag.
30. Anglir bubul belahe kang bumi,
pangayun prapta Karandhan samya,
tedhak saking wahanane,
Tumenggung Prangbatu,
kerid prapta ngarsa narpati,
rajeng Cina anyandhak,
Tumenggung wotsantun,
kinon alenggah neng ngarsa.
Ki Tumenggung Parangbatu aningali,
ing gusti Sang Jayengprang.
31. Dharakalan nangis anungkemi,
Ki Tumenggung embane kang garwa,
kadya pawestri tangise,
ing tyas datang ngrempele,

yen apanggih kalawan gusti,
gambar munggeng jempana,
ing Karandhan rawuh,
Rekyana Patih ing Cina,
marak ngarsa mukane datan kaeksi,
sadaya kinudhungan.

32. Bupati samas saleksa mantri,
ing kang sami kinudhung sadaya,
budhal praptanira andher,
munggeng ngarsa Sang Prabu,
rajeng Cina Hongtete angling,
"Kabeh wus sun apura,
angrucata kudhung."
Kyana Patih nembah ngucap,
sahanane anangis sarwi ngabekti,
ing pada ratunira.
33. Lara-lara denira anangis,
dangu mulat keringe Sang Nata,
Wong Agung sigra angawe,
Patih Cina cumundhuk,
nangis ngraup padanira Mir,
kumrubut pra dipatya,
mring Sang Jayengpupuh,
Hongtete aris ngandika,
"Wis pupusen prakara gustimu Patih,
de Hyang Lata wal Ujwa."
34. Wusnya aris kang samya prihatin,
Kyana Patih wus samya ginanjar,
warata kabeh kancane,
Tumenggung Parangbatu,
pinisalin sakancaneki;
pakuwon datan nunggal,
ing gusti Wong Agung,
sawusira tigang dina,

neng Karandhan ngadhaton sri narapati,
mangkana nagri Cina.

35. Saben dalu punggawa ji,
mrecon elong apan nora pegat,
tigang dina antarane,
sirep sampun sinuwuk,
kang prihatin kinon ngluwari,
malah sami kasukan,
gong pating carengkung,
maratani sanagara,
duk samana Hongtete let tigang ari,
tedhak saking Karandhan,
36. Adhadharan saha prameswari,
paguneman anutug kasukan,
Ni Jungkoh mangke na maneh,
nenggih Nyai Tumenggung,
pinaring wong rong ewu malih,
dadya reh-rehanira,
jangkep tigang ewu,
Babah Puk Lung nama demang,
Demang Ngamper arine Tumenggung Nyai,
Demang Ngamper taruna.

IV. RADEN JAYUSMAN BADHE DHAUP KALIAN DEWI KUNMARYATI

Sinom

1. Hongtete alon turira,
ing Kalana Jayengmurti,
"Angger garwa jeng paduka,
suteng ngong Sudarawreti,
nedya tindak pribadi,
mring Cina kalangan ewuh,
nenggih wayah manira,
Ki Jayusman muni tulis,
apan arsa angentas amangun krama.
2. Putrine Sri Bawadiman,
ing Kusnia Malebari,
punika arsa den lamar,
Nama Dewi Kunmaryati."
Wong Agung anauri,
"Pan inggih saestunipun,
yen ta sampun parenga,
sayekti marak pribadi,
mring paduka jer datan darbea bapa.
3. Rama kadang seda ing prang,
marmane kepati-pati,
met kadang tresna trusing tyas,
linabuhan lara pati,
yayi Dewi rumiyin,
leres sapratikelipun,
datan bandha semitra,
ngaken bapa paduka ji,
tetekone welasan kaduk prasaja."

4. Rajeng Cina duk miyarsa,
Lawan ingkang prameswari,
marebel luh anganduka,
"Banget kapotangan mami,
ature sira Patih,
putri mantep trusing kalbu,
upama cinegaha,
panggawene siji nguni,
linabuhan paten-paten rinebut prang."
5. Kya Patih Cina tinanggap,
satingkahing mring Sang Aji,
pitung dina nora telas;
miwah dhateng ibu sori,
kayungyun ing pawarti,
Sudarawreti pinunjul,
ginambar pracima mas,
warnane Sudarawreti,
wus kacithak munggeng pracima kancana.
6. Tan pisah ing sanalika,
neng pangkone ibu sori,
gambare Retna Sudara,
ngusadani agring kingkin,
marem onenging siwi,
panulaking brangta wuyung,
maring atmajanira,
liru putri Parangakik,
aparentah Hongtete marang apatya.
7. "Heh patih sira balia,
mring negara Kaelani,
punggawa bae gilira,
sira dhewe aja gilir,
kang uwus angladeni,
sira maring putraningsun,
saciptane wus wikan,

mring suteng ngong Parangakik,
asungana donya jro pura sadaya.

8. Gawenen ngrata bengawan,
ing Kusnia Malebari,
pakramaning putuningwang,
ki Jayusman sun labuhi.
Bangawan Malebari,
ing lalakon kalih dalu,
ratanen ing barana,
sesotya busana adi,
dunya Cina bae aja kawoworan!”
9. Kya Patih matur sandika,
Mesem Sang Surayengbumi,
miarsa ing wuwusira,
ing Cina sri narapati,
Wong Agung mring Rajeng Mukub,
”Tuhu putri prawira,
raja putri Parangakik,
paitane pasaja tur wani kalah.”
10. Kuneng kang wonten ing Cina,
Wong Agung Surayengbumi,
ngusadani bumi rangka,
mila tan kondur tumuli,
kang wonten Kaelani,
sudarawreti winuwus,
wusira amiarsa,
kan maring Cina basuki,
ndadekaken ingkang marang ing Kusniya.
11. Wong Agung ing Parangteja,
kan dinuta lampah sandi,
ambekta mantri ing Kelan,
kakalih tan mawi baris,
mbekta palwa kekalih,

amung upacaraipun,
ing kang putra binakta,
Raden Jayusman tan mawi,
bala kathah amung panakawan samas.

12. Tan anganggo cara Arab,
nganggo cara Malebari;
wus mancal saking ing Kelan,
nem dalu aneng jaladri;
ing pulo Barjah prapti,
wus ngraji baitanipun,
sukane pulo Barjah,
Sri Bawadiman marengi,
apan maksih anepi ing pulo Barjah.
13. Ambekta sabat slawe prah,
pawestri amung kalih,
embanira sang lir retna,
kusuma Kun-amaryati.
Wong Agung Ngalabani,
gya mentas saking parahu,
mung mbekta wong lelima,
kanem lan sariraneki,
kapitune kang putra Raden Jayusman.
14. Kendel sengkane aldaka,
mrih ayam saking jaladri,
ing pukul satengah dasa.
Wuwusen sri narapati,
kang lagya anepi,
duk lenggah lan purtanipun,
"Rama kula supena,
wau dalu pukul kalih,
wonten lintang tedhak saking ngantariksa.
15. Dhawuh pinggiring samodra,
kula sami aningali,
sudama punika minggah,

inggih dhumateng ing wukir,
nunten paduka ambil,
ageng alit lintangipun,
ingkang alit punika,
tuwan paringaken mami,
kula damel cantehng kalawan pun biyang.

16. Mesem Prabu Bawadiman,
tan tutug ngandikeng siwi,
wonten sabat salaweprah,
"Kang jawi wonten tetami,
kadi tirakat gusti,
rencange amung pepitu,
sajeg sun tetamian,
inggih tan kadi puniki,
kang kekalih sunare kadi sasangka.
17. Kendel jawining gapura,
pra samya apetak wentis."
Sang Nata ngandika ngatag,
"Takona wong agung ngendi?"
sabat prapta ing jawi,
alon denira umatur,
"Kula anilakrami,
bilih dinangu ing gusti,
jeng paduka jejer satriya punapa?"
18. Wong agung angling prasaja,
"Ingsun iki Ngalabani,
aran Maktal ibnu Masban,
arsa marek ing Sang Aji."
Sabat lumebet malih,
prapteng ngarsa nembah matur,
"Gusti tamu punika,
pinangane Ngalabani,
kekasihe inggih Maktal ibnu Masban."

19. Sang Aprabu Bawadiman,
kumejot angandika ris,
"Heh sabat padha den enggal,
angelara prangwedani,
ingsun tamuan gusti,
yeku wong agung pinunjul,
surayeng rananggana,
sinembah dening para ji,
tur kang ngagem palamarta parikrama.
20. Sujana mong ing ngalaga."
sigra tedhak Sri Bupati,
amethuk wau kang prapta,
sapraptanira ing jawi,
kaget risang tetami,
paran pinaran wus tundhuk,
Maktal arsa tur sembah,
dening ratu pandhita di,
Bawadiman gupuh pan arsa tur sembah.
21. Dene trah ratu minulya,
mendhak sarwi amendhaki,
dheku sareng dhekumira,
tan ana ingkang ngalahi,
asasmita ngurmati,
katemahan amangkya pur,
sasalaman kewala,
Raden Jayusman ngabekti,
wus kinanthi binekta mring pamidikan.
22. Wus samya lenggah satata,
munggeng ing masigit alit,
kinambang botrawinira,
kang kinarya akik wilis,
babaturira sami,
pager miwah ing talajug,
akik ijo sadaya,

ginelaran prangwedani,
angretepa matur raja Bawadiman.

23. "Kawula boten supena,
lamun atamian gusti,
karoban samodra kilang,
gunturing palwa manis,
Hyang Suksma nugrahani,
pukulun paran pinundhut,
cangkrameng ngarga sonya."
Wong agung ing Ngalabani,
saurnya lon: "Yayi Prabu pepesajan.
24. Lampah kawula dinuta,
ing gusti sang Jayengmurti,
ngaturaken kan atmaja,
sumangga ing yayi aji,
sakarsa ngreh ing siwi,
amlas pangandikanipun,
punika Ki Jayusman,
ibu putri Parangakik,"
Kaget mulat sira Prabu Bawadiman.
25. Ing cahyane raja putra,
lir tranggana ngikis latri;
Raden astane cinandhak,
tinarik lenggah ing nginggil;
ingkang paman nganthuki;
wontsari anut andheku;
sinugata woh-wohan,
pepak saisining wukir,
adhadahran wong agung katiga samya.
26. Kadugi wardayanira,
ature sri narapati,
"Pukulun pun Bawadiman,
sumangga ing asta kalih,
ing karsanipun nenggih,

raka paduka pukulun,
jeng gusti Amir Ambyah,
siyang dalu ingkang abdi,
sok kanggea nanging wukir kirang praja.”

27. Wong agung ing Parangteja,
pangandikanira aris,
”Yen sampun lega ing driya,
santosane yayi aji,
kula kinon ngaturi,
inggih para garwanipun,
kang wonten nagri Kelan,
lawan sagung para aji,
budhalaken saking nagari Kusniya.
28. Yen sampun prapta ing Cina,
raka paduka njeng Amir,
anujul dhateng Kusniya,
sarta niat wus alami,
apan akarya mungkin,
inggih wontena sataun,
aneng nagri andika
ing Kusniya Malebari.”
Ya ta ndheku sira Prabu Bawadiman.
29. Animbali putranira,
kusuma Kun amaryati,
ajrih pinopo pineksa,
prapta ngarsaning rama ji,
kang rama ngandika ris,
amundhut sesupenipun,
jemerut lan ludira,
kang munggeng jariji manis,
wus pinecat ingaturaken kang rama.
30. Alon denira nganika,
jeng sultan ing Malebari,
marang ing Raden Jayusman,

"Angger kalpika puniki,
dika agem jejenthik."
rahaden tampi wotsantun,
dyan ingagem saksana,
wus aplak aneng jejenthik,
matur alon sira Prabu Bawadiman,

31. "Inggih tuwan rumiyina,
kundura dhateng nagari,
yen sampun prapteng Kusniya,
nunten paduka turi,
kang wonten Kaelani,
sakarsa ing budhalipun."
mundur salaman sigra,
tedhak sami angudhuni,
Bawadiman ngater jawining gapura.
32. Kalih lajeng numpak palwa,
Bawadiman wangsul aglis,
sarwi ngandika mring putra,
"Iku putra Puserbumi,
ibu putri Prangakik,
jatmika tuhu binagus,
kabeh pra putra Ngarab,
cahyane amindha sasi,
satriyeku nini bakal jodhonira.
33. Wus pitulunging Hyang Suksma,
katrima pandonga mami."
Umatr alon kang putra,
"Sinten ingkang asesiwi,
trah saking Puserbumi?"
Kang rama andikanipun,
"Jeng sultan ing Kupauman,
Wong Agung Surayengbumi,
kang sinembah dene ingkang para raja."

34. Mesem tumungkul kang putra,
Retna Dewi Kunmaryati,
wau sabat salaweprah,
pan kinon mantuk rumiyin,
miwah pawongan kalih,
sri naranata ing ngayun,
kalawan ingkang putra,
satengah pitu kang wengi,
mangkat saking wukir anyangking kang putra.
35. Layarane kalih dina,
dharatane pitung ari,
pulo Barjah sanagara,
wau lampahe Sang Aji,
satengah pitu bengi,
praptane pukul sapuluh,
sampun majing jro pura,
nimbali rekyana patih,
Bahunandir wus prapta byantara nata.
36. "Patih sun arsa tamian,
Wong Agung Surayengbumi,
patuten papan prayoga,
wadyane kadi jaladri,"
Ki Patih awotsari,
"Sumanggeng karsa pukulun,
yen ing menggah kawula,
inggi paduka ingseri,
pakuwone inggi ing kebon Bustanhar.
37. Kadhaton gung pinasrahna,
tuwin abdi sri bupati,
kawula inggi tut wuntat,
dhateng Bustanahar gusti,"
Suka Sri Narapati,
kapanujon sauripun,
wadya wus ingundhangan,

sang nata sawadyaneki,
arsa ngalih marang Kebon Butanahar.

38. Pasiten rata ajembar,
ing Kusnya Malebari,
lepen ageng-ageng kathah,
kang manjing sajro nagari,
Sang Prabu wus angalih
sawadya jro puranipun,
miwah kang pra dipatya,
lan kyana patih wus ngalih,
sanagara wus ngalih Bustan asmara.

V. DEWI SUDARAWRETI TINDAK DHATENG NAGARI MALEBARI

Asmaradana

1. Wau praptaning jaladri,
wong agung Parangteja,
akarya surat badhene,
katur mring sang rajeng Kelan,
yen lampah wus katampan,
putra tuwan katrinipun,
lawan sagung para raja.
2. Putra tuwan Parangakik,
lan putra tuwan Karsinah,
nunten tuwan angkatake;
mangkat para mantri Kelan,
ing marga tan winarna,
nagari Kelan wus rawuh,
mantri ingkang mandhi surat.
3. Satriya ing Ngalabani,
katur maring ratunira,
kang surat sampun winaos,
kadriya ungeling surat,
angaturi kang putra,
Sudarawreti wus rawuh,
lawan putri ing Karsinah.
4. Ngandika Kelanjajali,
"Puniki rayi andika,
ing Ngalabani surate,
tur priksa yen wus katampan,
mring raja Bawadiman,
Besuk apa budhalipun,

apa laut apa dharat?"

5. Umatur sang raja putri,
"Kawula dharat kewala,
sampung adamel susahe,
abdi paduka ing Kelan,
lan para ratu kathah,
boten kamot ing parau;
kula anuwun punggawa.
6. Satunggal atedah margi,
kawula ing benjing-enjing,
budhal lawan para katong."
Sang rajeng Kelan parentah,
Gajahbiher papatya,
kinon matah punggawa,
kang badhe jurua marga.
7. Raja putri Kaelani,
oneng-onengan kalawan,
ing kang raka sakalihe,
wawratane sampun tuwa,
kusuma Kelaswara.
putri Parangakik sampun,
ngundhangi kang para raja.
8. Datan kawarna ing latri,
enjing anembang tengara,
sagung ing kang para katong,
budhal saking nagri Kelan,
kadya sagara wutah,
Ki Umarmaya panganjur,
anganthi punggawa Kelan,
9. Ing kang medal ing jaladri,
wong agung ing Parangteja,
wus prapteng nagri lampahe,
ing Malebari Kusniya.

Wau kang lampah dharat,
kawan dasa dina rawuh,
Marmaya manjing nagara.

10. Ing wuri bala Kohkarib,
Marmaya sampun pinarnah,
sabalane wus makuwon,
kang prapta sadina-dina,
sagung para narendra,
tinata pakuwonipun,
praptane kang para raja,
11. Andina kang prapta sami,
sagung para raja-raja,
kang lumampah ing ngarsane,
baris Parangakik samya,
miwah baris Karsinah,
atebih antaranipun,
longkange setengah wulan.
12. Met papan kang prapta dhingin,
wus samya sinungan prenah,
kang amatah panggonane,
Marmaya lan Harya Maktal,
binagi kulon wetan,
miwah lawan elor kidul,
adat ingkang saban-saban.
13. Wus bentet ing Malebari,
ing wismaning pra dipatya,
kanggenan ing para katong,
saguning bala nata Mbyah,
suka mulat ing papan,
binagi ratu kang kantun,
wurine Retna Sudara.
14. Mangkana dina sawiji,
prapta panganjuring lampah,

wong Parangakik barise,
tigang kethi upacara,
sami wong seseliran,
binusanan abra murub,
winarna bajo topong mas,

15. Adipati Guritwesi,
wong agung ing Parangteja,
samyang manggihi kalihe,
maring Prabu Bawadiman,
arsa amethuk kurmat,
anenggih ing praptanipun,
kusuma Retna Sudara.
16. Sang Prabu ing Malebari,
tumulut wau karsanira,
ing reh wong agung kalihe,
amethuk Retna Sudara,
miwah Raden Jayusman,
tumulut methuk ingkang ibu,
jawining seketheng kitha.
17. Baris prapta kadi wukir,
pindhah wana kembang-kembang,
horeg sajagad ponang wong,
gung alit kang arsa wikan,
maring Retna Sudara,
atub ing marga atimbun,
jalwestri tembak ibekan.
18. Raja putri Parangakik,
sampun ngaturan uninga,
mring putra lamun sang katong,
Malebari tumulut memba,
mring paman Parangteja,
myang uwa Umarmayeku,
amethuk dhateng paduka.

19. Kagyat putri Parangakik,
amundhut kreta lalawak,
pinecat galindhingane,
pangirid tan mawi kuda,
sinered wong kewala,
kurmat besanira methuk,
maharaja Bawadiman.
20. Jempana ingkang rumiyin,
lawan payung ingampilan,
patang puluh dhingin kabeh,
putri Karsinah anunggal,
mungging rata lelawak,
sinered manungsa satus,
kangsrak ing siti kewala.
21. Wruh sang nata Malebari,
yen wau Retna Sudara,
kurmat ngasorken lampahé,
sigra amecat makutha,
ngangge surban kewala,
wus celak sigra andheku,
mrepeki sapinggir marga.
22. Anguwuh Sudarawreti,
"Yayi Prabu Bawadiman,
den angkata mustakane,
manira liwat tarima,
taklime yayi nata."
Tumenga sarwi wotsantun,
ndheku tumenga ping tiga.
23. Sudarawreti nimbangi,
pandhekune Bawadiman,
Sang Retna pangandikane,
"Kakang emas Tasikwaja,
ari mas Parangteja,
besanira yayi prabu,
aturana nitih kuda.

24. Ngong nitih jempana malih,
payo padhaa lelampah.”
Wong agung nyarakake,
”Punika kang pangandika,
raka dika Sang Retna,
nitiha turangga gupuh,
rinilan sami lelampah.”
25. Maktal kang wiwit anitih,
manut sira Bawadiman,
anitih ing turanggane,
nulya Rahaden Jayusman,
dadya jajar katiga,
Ki Umarmaya karuhun,
amor lan wong angarembat.
26. Menthek-menthek asesirig,
mele-mele lincak-lincak,
gumer tan ana warege,
wong pepikul samya sayah,
rosa denira mulat,
mring Raden Umarmayeku,
gumerah samarga-marga.
27. Raja putri Parangakik,
tilar ing rata lelawak,
anitihi jempanane,
gumredeg prapteng jro kitha,
cingak gawok kang mulat,
lajeng ingaturan sampun,
manjing sadaleming pura.
28. Ing wuri kadya jaladri,
wadyane kang para nata,
lir belah praja esthine,
kambah dening bala kuswa,
sinung kang para nata,
binagi wismeng tumenggung,
anggili kang munggeng wuntat.

VI. DEWI SUDARAWRETI NAMPENI PASUMBANG SAKING PRABU HONGTETE

Pangkur

1. Sadina-dina kang prapta,
kalih wulan wadyane kang para ji,
punika ing telasipun,
ya kang ngambah Supana,
paran dene masih ana kang lelaku,
wong lara tinandhu samya.
punika ingkang priyayi.
2. Ana kang tinandhu kajang,
kang pinikul ana winot turanggi,
samya lirih lampahipun,
punika ingkang prapta,
kang ngantuni jabaning rong sasi iku,
kluwir-kluwir ana prapta,
wau ta ingkang ngebroki.
3. Jro kitha Retna Sudara,
lan kang rayi Retna Sirtupeleli,
putri Parangakik sampun,
utusan mring Kuparman,
angaturi ing raka Retna Marpinjun,
mring putra Rahaden Ruslan,
praptaa ing Malebari.
4. Ya ta malih winursita,
ingkang wonten Cina Sang Jayengmurti,
kalawan Sang Rajeng Mukub,
katiga Sri Nusirwan,
sakathahing la-ela sinukeng nutug,
bogang gung sinuksmeng driya,
putus saking ing arja sih.

5. Budhal saking nagri Cina,
patih Cina budhal saking jaladri,
pan pacalang pitung atus,
isi brana busana,
peni raja peni busana gung,
ajine tan kena ngetang,
wendrane datampa wilis.
6. Kinerig brana ing Cina,
ingesrahken ing putri Parangakik,
kinarya pakramanipun,
raja putra Jayusman,
antuk angin Patih Cina lampahipun,
muwareng Kelan wus prapta,
miarsa lamun wus sepi.
7. Gancangipun ing carita,
lajeng maring Kusniya Malebari,
rikating palwa tan ketung,
Malebari wus prapta,
wus angranji gebel ing muwaranipun,
obahing wong sanagara,
Patih Cina prapta mallih.
8. Mentas Kyana Patih Cina,
lajeng marak wong agung Ngalabani,
lawan ki Umarmayeku,
tinanggap aturira,
wus binekta lajeng tumameng kadhatun,
prapteng pura ngarsanira,
kusuma Sudarawrestri.
9. Wus sami tata alenggah,
Umarmaya wong agung Ngalabani,
Sudarawreti alungguh,
lan kang rayi Karsinah,
Patih Cina neng ngandhap ngaturken sampun,
Serat cacahing barana,
kintune kang rama aji.

10. Cinatur sakethi yuta,
ingkang kena ingetung malah luwih,
anglengger Sang Retna wau,
myarsa ungeling serat,
wus tinampan ing solah pratingkahipun,
kang raka miwah Nusirwan,
myang solahira Kya Patih,
11. Horeme nagari Cina,
waluyane praptane Kyana Patih,
lan praptaning suratipun,
gusti Retna Sudara,
boten pejah rajeng Cina ciptanipun,
ingkang putra Adaninggar,
liru putri Parangakik.
12. Duk kang rama Sri Nusirwan,
pan angaken Ki Juragan Dulbasir,
putri Karsinah gumuyu,
"ngaku juraganingwang?"
Patih Cina umatur: "saestunipun,
ngaken juragan Karsinah."
ngandika Sudarawreti.
13. "Saiki ta kiranira,
tutug ngendi hiya nggennya lumaris?"
Patih Cina nembah matur,
"Ing watawis kawula,
dereng saged langkung nagari ing **Mukub**,
remben saking margi wana,
ingkang ingambah pan awis.
14. Lan malih ingkang rumeksa,
raka tuwan abdi paduka gusti,
pun Tumenggung Parangbata,
pan dereng lereb lama,
taksih wonten sakedik ing sayahipun,

punika kang mawi dharat,
prajurit ing Parangakik.”

15. Mesem Sang Retna Sudara,
mepak jagul sayuta kang para ji,
sinungan parentah ngusung,
brana kang saking Cina,
kawot dening palwa keci pitung atus,
sampun tinampen sadaya
ing Retna Sudarawreti.
16. Sadangune lelenggahan,
ngraosaken solah tingkah ing nguni,
kang raka Sang Jayengsatru,
lawan Prabu Nusirwan,
Kuneng wau lampahe Retna Marpinjun,
lan putra Rahaden Rustam,
prapteng tanah Malebari.
17. Amethuk njawining kitha,
lan kang rayi Retna Sudarawreti,
ing Parangakik wus pangguh,
lawan putri Karsinah,
nenggih sami oneng ing cium-cinium,
dangu denya rerangkalan,
wusnya gya sami lumaris.
18. Samarga dadi tontonan,
prapteng kitha Kusniya Malebari,
lajeng binektieng kadhatun,
maring Retna Sudara,
sagung para putri kawot jro kadhatun,
ajembar wisma geng kathah,
kadhaton ing Malebari.
19. Kinanthi kinantha-kantha,
sri kinebon binata bilik-bilik,
kang kilen Retna Marpinjun,

Tengah Retna Sudara,
ingkang wetan Karsinah Retna Rabingu,
dene ingkang wetan pisan,
raja putri ing Kuwari.

20. Kuneng kang wus sami tata,
eca ing tyas kang aneng Malebari,
wonten gegempalan catur,
sutanira raseksa,
pan ing nguni sutane raja Pardiya,
raja Pardiya punika,
putrane Sang Prabu Imprit.
21. Mungsuhing nateng Ngajerak,
kang wus sirna dening Sang Jayengmurti,
punika mangke winuwus,
Pardiya kang atmaja,
patutaning lan putrining manungseku,
putri saking Sindhangdhayang,
sang raja Kiswatrenggini.
22. Ing nguni kuthane bedhah,
Sindhangdhayang binoyong putri neki,
dening sang raja Pardiya,
lagya nyidham kaworan,
sasedane kang rama lan enyangipun,
aprang lan Sri Kakungingrat,
pajahing Pardiya Imprit.
23. Anake Pardiya ditya,
patut putri raja Kiswatrenggini,
Sindhangdhayang putranipun,
trah ratu kapis kawak,
agamane taksih ngangge agama Nuh,
Dene Kiswati punika,
mijil jalu putraneki.
24. Tiru ibune punika,

- pawakane nanging siyungireki,
kang tiru bapa Pardiya,
sampun sami dewasa,
kaki pejah putu ingkang madeg ratu,
balane sepalih ditya,
sapalih manungsa yekti,
25. Sang Prabu ing Sindhangdhayang,
awak jalma solah kadi raseksi,
sang raja Kiswa Pangindrus,
awak wong siyung ditya,
sakalangkung prakosa prawireng pupuh,
punika kang nyengker lama,
ing Dewi Kun-amaryati.
26. Putrinira Bawadiman,
sang aprabu Kusniya Malebari,
tinampik panglamaripun,
pan arsa amisesa,
ginendholan sanget maring ibunipun,
"Aja sira memungsuhan,
lan Kusniya Malebari!"
27. Mila kendel. mangke seda,
ibunira ing mangkya angot malih,
nimbali pepadhihipun,
patih Bardas kang ditya,
patih kalih kang manungsa namanipun,
Kyana Patih Dhayangunar,
punika ingkang kinanthi.

VII. SANG PRABU ING SINDHANGDHAYANG BADHE NGREBAT DEWI KUNMARYATI

Kinanthi

1. Patihing manungsanipun,
Bardas matihi raseksi,
netranira sri narendra,
pan kadya netrane kucing,
uwong nora buta nora,
mangkana sri narapati.
2. Animbali patihipun,
kalih prapta ing jro puri,
alon denira ngandika,
Sindhangdhayang sri bupati,
"Sun bapa sida akrama,
mundhut putri Malebari.
3. Sun wasesa ingsun pundhut,
putraning wong Malebari,
jeng ibu nguni angampah,
nggendholi ing karsa mami."
patih kalih atur sembah,
"Leres ibu paduka ji.
4. Punika ratu linuhung,
inggihi manawi malati,
mangsa kiranga narendra,
kang darbe putri linuwih,"
"Walat mono rupa apa?
sira karo wus udani?"
5. Patih Dhayangunar matur,
"Inggihi gusti nyilakani,

cilaka punika kathah,
wonten agring boten keni,
jinampen satemah tiwas,
gawe pati tanpa sakit.

6. Tuwin apes ing prang pupuh,
kasangsaya ing ajurit,
ratu mati siya-siya,
inggih gusti walat ugi.”
gumujeng sri naranata,
”Entheng nora memedeni.
7. Inggang mungguh kaya ingsun,
balater yekti linuwih,
ibu manungsa pan hiya,
bapa raseksa sayekti,
apah luput sarik tulah,
inggang meca maring mami.
8. Karo busana heng pupuh,
undhangana pra dipati,
mantri kang manca nagara,
yen ingsun arsa nglurugi,
mukul raja Bawadiman,
ing Kusniya Malebari.”
9. Patih kalih awotsantun,
”kawula miarsa warti,
pan inggih sampun den entas,
putri adi Malebari,
angsal putra ing Kuparman,
malah ibunipun maksih.
10. Tinuguran para ratu,
ing Kusniya Malebari,
sagung para putranira,
Wong Agung Surayengbumi,
sadaya wonten Kuparman,

Ruslan Rustam mangkya maksih.

11. Sawadyane ibunipun,
neng Kusniya Malebari,
wus dene kang para raja,
sakancanira pan maksih.”
Wau kalane miarsa,
kalangkung denira runtik.
12. Sang Prabu Kiswa Pangindrus,
tanpa gawe tanpa budi,
destun nora katon raja,
ing Sindhangdhayang puniki,
katon dhukuh angarompyang,
tan ana manungsa urip.
13. Urip amung angon wedhus,
tan ana mantri dipati,
tuwin tan ana wong lanang,
kang ana amung pawestri,
nagri kang isi wong lanang,
mung Kusniya Malebari,”
14. Patih Dhayangunar matur,
”Kawula gusti ngaturi,
pan dereng kenging minengsah.
Wong Agung Surayengbumi,
tumpese diyu danawa,
ing Jabalkab sirna enting.
15. Eyang paduka pukulun,
lan rama paduka aji,
sirna de sang Kakungingrat.”
Patih Bardas anambungi,
”Leres ature punika,
pun adhi Dhayangunari.
16. Anakipun raja Samun.

wonten ing Sindhula wukir,
angadhang Sang Kakungingrat,
duk mangkat mring Kaelani,
saking nagari Yujana,
methuk anyidra ing jurit.

17. Sedyane amales ukum,
temah kukum ing ajurit,
nak-putu Samun pan sirna,
inggi ing taun puniki,
anedya amales pejah,
wekasan nusul ngemasi.”
18. Sang Nata Kiswa Pangindrus,
lega denira miarsi,
ature pepatihira,
Bardas Dhayangunar sami,
dangu datan angandika,
bingung temah wuwuh runtik.
19. Ngandika wau Sang Prabu,
”Dadi tan ana njurungi?
Hiya nurut insun bapa,
ingsun budidaya pikir,
wuwuhe digdayaningwang,
prawira sudira mami,
20. Ingsun arsa males ukum,
patine bapa lan kaki,
durung lega ing tyasing wang,
yen durung bela sakethi,
anak putune Si Arab,”
matur wau patih kalih.
21. ”Sampun ta paduka dulu,
Wong Agung Surayengbumi,
punapa paduka nyandhang,
anadhahana ngajurit,

lan nata Dewi Ngajrak,
putra Mbyah Ni Kuraisin.

22. Punika mangka gegedhug,
wong Kuparman yen ajurit,
asore kang para raja,
nata Dewi Kuraisin,
mila tan kenging minengsah,
ing mangke Sang Jayengmurti,
23. Lan ingkang uwis puniku,
patutan putri prajurit,
ing Parangakik prawira,
kusuma Sudarawreti,
putri loking pramudita,
undhagi putus ing jurit.”
24. Ngandika raja Pangindrus,
”Ngendi pantes ingsun ungsi,
ratu ingkang ginuronan,
manusa miwah raseksi,
nadyan wus-a sugih dibya,
becik akeh kang muwuhi.
25. Ing kene ingsun angrungu,
nagara Dhayak Sengari,
Sang Aprabu Yablulawal,
mitrane kangjeng rama ji,
yeku dhemit kamanungsan,
manungsa arabi peri.
26. Nyiluman prajane lamun,
ana parang muka prapti,
katon samodra kewala,
yen mungsuh bubaran malih,
hiya katon kutha timah,
nagara Dhayak Sengari.

27. Karia karo sireku,
padha tunggwa nagari,
tan karuhan praptaning wang,
yen wus punjul ing sabumi,
iku ingsun nuli prapta,”
tur sembah sandika kalih.
28. Narpati Kiswa Pangindrus,
ndedel napak ing wiyati,
sampun pakartining ditya,
bisa angambah wiyati,
Sang Aprabu Sindhangdhayang,
silem dharat tan kaeksi.
29. Miling-miling kadi jangkung,
lepas lampahe Sang Aji,
keras amindha pawana,
mangkana prapteng paminggir,
ing nagara Kutha Perak,
kumethak akeh kaeksi,
30. Anjog ing jro kitha niyup,
Sang Prabu Dhayak Sengari,
nuju pinarek ing taman,
saupacaranira sri,
kalangen ing mangun retna,
kagyat praptaning Sang Aji.
31. Sumungkem ing padanipun,
Rajeng Sindhangdhayang nangis,
angandika lon sang nata,
”Tangia ta sapa iki?”
tangi umatur: ”Kawula,
Pardiyu ingkang sesiwi.
32. Pun bapa raja Pardiyu,
pun kaki Sang Raja Imprit,”
wau kalane miarsa,

Sang Prabu Dhayak Sengari,
raja Yablulawal sigra,
kang putra rinangkul aglis.

33. "Dhuh kalingane sireku,
atmajane kakang swargi,
pagene sira karuna,
praptamu apa prihatin,
tutura sapa kang akarya,
kasusahan ing sireki.
34. Matur Sri Kiswa Pangindrus,
"Sang Prabu ing Malebari,
anakipun kula lamar,
nama Dewi Kunmaryati,
nampik mangke pinanggihna,
raja putra Parangakik.
35. Sudarawreti kang ibu,
kang rama Sang Jayengmurti,
kang madeg sultan Kuparman,
punika ingkang angambil,
bapa ji sengkeran kula,
Jayusman ingkang abukti.
36. Sang Nata ngling: "Sutaningsun,
yen sirarsa punjul sekti,
lebonana guwaning wang,
sakelarira nak mami,
yekti Hyang Lata wal Ujwa,
mring sira anugrahani.
37. Darapon kelara besuk,
nirnakken si Jayengmurti,
payo maring Wukir Perak,
ing guwa pungkuran wuri,
kebon kembang salanggatan."
prapta pinanjingken aglis.

38. Kuneng malih kang winuwus,
Wong Agung Surayengbumi,
kang kondur saking ing Cina,
prapta ing Mukub nagari,
Sang Prabu Kandhabuwana,
wus sakeca tyasireki.
39. Wong Agung wus prapteng Mukub,
suka Prabu Kandhabumi.
parentah dandan rembatan,
kagungan nateng Medayin,
ingkang tigang leksa rembat,
badhe binekteng Medayin.
40. Wong Agung lami neng Mukub,
lan kang rama ing Medayin,
saking Mukub nulya budhal,
sedya kondur Jayengmurti,
nenggih kang sami parentah,
Sang Prabu ing Kandhabumi.
41. Kang ngaterna konduripun,
Nusirwan maring Medayin,
Wong Agung sampun utusan,
serat maring ibu sori,
atur uninga wus panggya,
kang rama nateng Medayin.
42. Sampun ingaterken kondur,
ing mangke wonten ing margi,
duta kawan atus wadya,
ndhingini maring Medayin,
datan kawarna ing marga,
caraka atur memanis.

VIII. WONG AGUNG KEPANGGIH LAN GARWA-PUTRA

Dhandhanggula

1. Dutanira Sang Surayengbumi,
saprataning Medayin nagara,
surat katur ing ibune,
saking Sang Jayengsatru,
putra katri samya nupiksi,
Myang kyana patih Bestak,
pra sami agupuh,
Hiya den enggal parentah,
ingkang badhe methuk celak methuk tebih,
pambagining punggawa.
2. Kawarnaa wau kang lumaris,
prapta simpangan kang maring Kelan,
wus pisah wau lampahe,
kang kinon atut pungkur,
mring kang rama nateng Medayin,
Prabu Kandhabuwana,
lan Sang Rajeng Mukub,
pitung kethi winarata,
gunging wadya wong Mukub wong Kandhabumi,
kang ndherek mring kang rama.
3. Kang binekta mung wong Parangakik,
ingkang lajeng binekta mring Kelan,
sakethi prajurit bae,
iku seliranipun,
raja putri ing Parangakik,
ginajih pitung reyal,
iku pendhak Setu,
jangkep kawan belah reyal,

sataune busana saking Sang Putri,
kuda blegdaba bihal.

4. Duk pisahe Nusirwan anangis,
sarwi ngrangkul maring ingkang putra,
anggun den aras janggane,
Wus tebih lampahipun,
praptanira bumi paminggir,
gumrah sapraja Kelan,
praptane Wong Agung,
kang rama methuk kang putra,
wus kapethuk kang rama Kelan jajali,
binekteng manjing kitha.
5. Lajeng mring taman Sang Raja Putri,
wus apanggih kang raka tumingal,
ing sepuhe wawratane,
ngadhaton taman lulut,
ing raka manjing ing puri,
manguneng ngela-ela,
maring garwanipun,
sira Dewi Kelaswara,
solahira mring kang raka mratandhani,
yen kedhik yuswanira.
6. Wus mangkana risang Jayengmurti,
mundhut palwa badhe lampahira,
mring Kusniya panusule,
pacalang keci selup,
wangkang lembu pragota konthi,
pitung atus sadaya,
wus amit Wong Agung,
mring rama miwah garwa,
trenyuh ing tyas kang lunga lawan kang kari,
megeng asmara cipta.
7. Sampun mancak saking Kaelani,
pan ubaya sawuse ing karya,

rahayu wangsul sedyane,
tan kawarneng hnu laut,
praptanira ing Malebari,
muwara ing Kusniya,
kaprakoseng tutur,
Sang Aprabu Bawadiman,
Harya Maktal adipati Guritwesi,
sagung ratu wadana.

8. Methuk muwara tedhakireki,
neng dharatan Prabu Bawadiman,
manembah ngraup padane,
rinangkul mring Wong Agung,
"Yayi Prabu padha basuki,"
umatur atur sembah,
"Sapangat pukulun,
jeng paduka kang minulya,
saksat katurunan lailatul kadri,
dhawuh sewu nugraha.
9. Angramati ing dasih kaswasih,
mugi tulusa sapangat tuwan,
donya prapteng ngakerate,"
Saksana sareng laju,
pan wong agung sakawan sami,
miwah kang para nata,
sadaya tan kantun,
sira raja Bawadiman,
Harya Maktal adipati Guritwesi,
prapteng byantaranira.
10. Wus apanggih putri Parangakik,
putri Karsinah tuwin Sang Ratna,
Kisbandi iku arine,
miwah Retna Marpinjun,
para putra samya ngabekti,
Retna Sudara lenggah,

jajar lan Marpinjun,
Marpinjun asanget taha,
tur pakering marang putri Parangakik,
amet pirit kawuntat.

11. Putri Karsinah putri Kuwari,
ragi wurine putri Karsinah,
dadya maleyot patute,
Sudarawreti muwus,
marang raja putri Medayin,
sarwi nyablek wentisnya,
"Jer kakangbok iku,
namarahi nora tata,
linggihane maleyot kudu neng wuri,
lah iki lurah apa!"
12. Teka wigih bregigah-bregigih,
melang-melang tyase kurang rencang,
ataha mring panekare,"
Angling Retna Marpinjun,
"Nora bisa sun iki yayi,
ngungkurna marang sira,
manawa na rembug,
pratikel ubenging jagad,
lamun sira kalingane dene mami,
sun dadi tanpa ngrasa.
13. Becikira aneng ngarsa mami,
aja dumeh yen ginawe tuwa,
sun aneng wurine bae,
kagapea sireku,
lanangane manut sireki,
Wong cubluk aneng ngarsa,
mulane katekuk,
sun tuwa nama kewala,
sira dhewe yayi Dewi Parangakik,
kang tan tewran ing papan."

14. Gumujeng wau kang samya myarsi,
Retna Marpinjun malih ngandika,
"Ingsun puji sayektine,
patitis ulah putus,
pikir ndadak bisa nanduki,
tan logro marang wiyar,
tan sesak mring ciyut,
kakenan tyas sanegara,
pan biyunge lahir batin anglabuhi,
kedhep nateng ngalaga.
15. Kakang adipati Guritwesi,
• sayektine pan ingsun angrasa,
kungkulan sapratikele,
pasthi ingsun amupus,
ngempek bae mring yayi Dewi,
lah iku ngambil bapa,
liya jinisipun,
sri naranata ing Cina,
amung lagi weruh layange sasuwir,
saksat nambah nagara.
16. Lan wong Cina lan wong Parangakik,
ratu bintit lawan jinis liya,
prandene kena atine,
dunya Cina tinawu,
sinrahaken ing Yayi Dewi,
mbedhaha satus praja,
mangsa na kayeku,
ingsun tan milu kangelan,
maring yayi den pandumi tigang kethi,
liya busana mulya.
17. Peni-peni ingkang raja peni,
isen-isen nagara ing Cina,
tyasingsun liwat sukane,
sun iki mangkruk-mangkruk,

milu nucuk ing Yayi Dewi.”
 Sangsaya mbata rebah,
 kang sami gumuyu,
 jalu estri kang miarsa,
 Angling malih raja putri ing Medayin,
 ”Wong kabeh kaweratan.

18. Para ratu sadaya waradin,
 bajo salembuting sutra Cina,
 kabeh anganggo kayane,
 santana para ratu,
 Yayi Dewi mbedhah nagari,
 mbalithuk raja Cina,
 lekasing prang pupuh,
 nora anganggo gegaman,
 gegamane amung kareta sasuwir,
 nggerus dunya ing Cina.”
19. Anambungi Sirtupela-eli,
 ”Heh yayi emas ing Parangteja,
 iki sun idhep jebule,
 kakangbok karsanipun,
 amet kadang ing putri bintit,
 meh padha lawan ingwang,
 kangbok karsanipun,
 weruh yen bakal palastra,
 yen wis mati sayekti kang rama benjing,
 sihe tiba maringwang.
20. Saisine nagri Cina benjing,
 sun titipaken dunya ing Cina,
 salengker putrane Hong Te,
 sayekti duwekingsun,
 rajeng Cina layange yayi,
 muni ngimur ing garwa,
 apan nora lampus,
 sutanira Adaninggar,

wus salira raja putri Parangakik,
kang duwe nagri Cina.”

21. Sangsaya sanget gujenge sami,
Sudarawreti aris saurnya,
”Nora iku sayektine,
Sun amet kadang tuhu,
welas mulat wong nandhang brangti,
anrus ing kabatinan,
yayi ingsun labuh,
talang dunya talang lara,
tan kumedhap.” dhehem Sirtufilaelli,
gumrah sagung miarsa.
22. Sultan Bawadiman anambungi,
lagya wau antuk tigang kecap,
Wong Menak alon sabdane,
”Menenga kabeh iku,
yayi Prabu arsa njeksani,
tan ana kang sun gega,
amung yayi Prabu,
Jer iku ujaring adyat,
ujar adil.” Sigra Prabu Malebari,
alon ing tembungira.
23. ”Kangjeng ratu mas ing Parangakik,
ing ayate karya kapenedan,
anrus ing lair batine,
nglabuhi lara lampus,
yen mengsahe wong sanes pasthi,
rinebut ing ayuda,
meh akeh puniku,
saking ngriku kula myarsa,
prapteng pati pinetak ing Parangakik,
linabuhan bebeya.”
24. Mesem angling putri Parangakik,

"Satemene yayi Prabu ingwang,
 pan telung kethi beyane,
 kajaba ingonipun,
 kang ngaterken mring Parangakik,
 wong Cina kang sun rayat,
 tan kena cinatur,
 sewu kebo saben dina,"
 Malih matur Sri Kusniya Malebari,
 "Puniku jeng ratu mas.

25. Paduka kang motangken mring Widdhi,
 ujer inggih ndhawuhken timbalan,
 ingkang kocap jro dalile,
 inggih kalamun ratu,
 damel sae anrus ing batin,
 wewalesing Hyang Suksma,
 inggih telasipun,
 wong cilik tikel sadasa."
 Ya ta mesem Wong Agung Surayengbumi,
 noleh maring kang garwa.
26. "Padha imanena yayi dewi,
 antuk ngelmu saking arinira,
 yayi Prabu pituture."
 ingkang rayi wotsantun,
 kabeh suka ingkang miarsi.
 Mangkana winurcita,
 solah anggepipun,
 Sang Aprabu Bawadiman,
 suwitanya maring Sang Surayengbumi,
 anggung pasowanira.
27. Tunggil lan dipati Guritwesi,
 lawan wong agung ing Parangteja,
 mangkana sagung panggawe,
 gunem sadaya sampun,
 paningkahe putranireki,

mung nganti praptanira,
kang wayah sang prabu,
nenggih Sayid Ibnu ngumar,
saking Kelan kondur mring Kaos nagari,
arsa mangun astana.

28. Benjing wangsul maring Malebari,
pangetange ingkang eyang lama,
datan tumuli praptane,
neng Kaos sampunipun,
mangun makam lagya tri sasi,
ngundhangi wadyanira,
pan arsa anuju,
paningkahe ingkang paman,
budhal saking Kaos maring Malebari,
Sri Sayid Ibnu Ngumar.

29. Sangang yuta lawan patang kethi,
wadyanira neng marga miarsa,
yen ingkang eyang rawuhe,
saking nagari Mukub,
dadya lampah ing siyang latri,
ajrih kantun ing karya,
Mangkana winuwus,
kasasar mring Sindhangdhayang,
geger oter pangrasane mungsuh iki,
saking ing wewingkingan.

IX. SAYID IBNU NGUMAR KADHUSTHA DENING PATIH SINDHANGDHAYANG

Pangkur

1. Raja Sayid Ibnu Ngumar,
tan anyana denira njujur margi,
yen amanggih nagara gung,
manusa lawan ditya,
Sindhangdhayang purane raja Pangindrus,
sira Kyana Patih Bardas,
lan Patih Dhayangunari.
2. Pra samya salah grahita,
yekti mungsuh nekani saking wuri,
raja Kaos duk kekuwu,
munggeng imbanging arga,
Patih Bardas tetela lamun puniku,
kang wayah Sang Kakungingrat,
narendra Kaos nagari.
3. Ciptanira Patih Bardas.
"Sun colonge gustine baris iki,
supaya nyenyuda mungsuh,"
ing dalu Patih Bardas,
mindha sarpa manjing pasanggrahan dalu,
sang rajeng Kaos nagara,
kapati denira guling.
4. Jinejep pakuwonira,
wus sinunggi rajeng Kaos mring patih,
medal saking baris agung,
lajeng minggah mring arga,
wonten witing tembalo langkung gengipun,
inguger lawan witira,

sang prabu Kaos nagari.

5. Tinilar luhuring ngarga,
Patih Bardas mantuk mring prajaneki,
Dhayangunar sinung weruh,
yen baris ingkang prapta,
wus kacidra ilang senapatinipun,
Enjing wong Kaos negara,
puyengan kelangan gusti.
6. Sagung para raja-raja,
samyang nangis tanwruh ilanging gusti,
tigang dina tigang dalu,
ingubres sining wana,
jurang pereng trebis singup siluk-siluk,
mangkana kang para raja,
rempeg ngaturi udani.
7. Sadaya-daya praptaa,
ing Nagari Kusniya Malebari,
atur pejah gesangipun,
rumeksa ingkang wayah,
musneng latri mangkana baris wus laju,
tan kawarneng marga prapta,
ing Kusniya Malebari.
8. Katur sapratingkahira,
wus amupus Wong Agung Jayengmurti,
oter kubekan wadya gung,
para raja sungkawa,
Dyan Wong Agung nimbali Umar Mayeku,
lan wong Agung Parangteja,
prapta ngandika Sang Amir.
9. "Yayi mas ing Parangteja,
lan kakangmas dipati Giritwesi,
paran ta karsanireku,
musnang putunira,

kaki prabu Sayid Ibnu Ngumar iku,
apa si nora mendheya,
sakehe panggawe iki."

10. Umatur ki Umar Maya,
"Yen suwawi sampun asalh siji,
sampun ambebancang laku,
punika yen kawula."
dereng dadya wau kang sami rinembug,
pan kasaru praptanira,
raja putri Parangakik.
11. Lan Raja putri Karsinah,
angandika Wong Agung Jayengmurti,
"Bagya yayi karo rawuh,
hiya arsa sun undang,
ribeg temen iki yayi nalaningsun,"
Sudarawreti turira,
"ribeg punapa pinikir?
12. Pan kagyat wonten sandhungan,
kang waluya boten pantes pinikir,
balik kang musneng ing dalu,
inggihi sami rinembag,
kantenane lawan pejah gesangipun,"
Wong Agung alon ngandika,
"Iki kakang Guritwesi.
13. Rembuge nuli ningkahna.
sutanira aja mbebancang pikir."
Sudarawreti asendhu,
"Inggihi pikir punapa,
suka-suka sajroning pratingkah iku,
angange sadaya-daya,
lali pasemoning Widdhi.
14. Yen susah kapejahan,
yekti kenging pinupus lawan pasthi,

punika dereng temtu,
kaki prabu pejaha,
yen dhewea mbok lagi papa puniku,
Kaki Sayid Ibnu Ngumar,
agawe rasane ati.

15. Punika yayi paduka,
Bawadiman nunten tuwan dhawuhi,
mendhekaken karyanipun,
yen sampun sami mirsa,
nunten enggal angruruh kang musneng dalu,
lamun tuwan lilanana,
kula pribadi ngulati.”
16. Sirep kang pikir sadaya,
kaluhuran pikirira sang putri,
Mraja Bawadiman sampun,
ingandikan wus prapta,
munggeng ngarsa jinarwan langkung angungun,
sira Prabu Bawadiman,
nimbali Patih Bunandir.
17. Matur Prabu Bawadiman,
”Kula saos pun Patih Abunandir,
nunten suwawi pukulun,
angruruh wayah tuwan,
kadi-kadi punika pandamelipun,
Sang Aprabu Sindhangdhayang.
prajane kang den langkungi.
18. Lampahe wayah paduka,
inggih gusti nateng Kaos nagari,
kasasar kitha Pangindrus,
nenggih ratu niaya,
mila pun apatih Bunandir pukulun,
ingkang waskitheng jajahan,
singa kang paduka tuding.

19. Ngupaya wayah paduka,
akanthia pun apatih Bunandir,"
Wong Agung ngandika arum,
"Sira yayi karia,
tunggu praja kanthia karo sireku,
Yayi mas ing Parangteja,
lawan kang para narpati.
20. Yayi Prabu: kang ngupaya,
wayahira — hiya ingsun pribadi,
lan kakang Umarmayeku,
padha arebut papan,
sira patih Abunandir milu mring sun,
kang datanpa kantih kakang,
adipati Guritwesi.
21. Sagung para raja-raja,
den apacak baris ngati-ati!"
Bawadiman nembah matur,
"Pun kakang Tasikwaja,
inggihi lamun lilah paduka pukulun,
kula bektani punggawa,
kang saged lumampah kesit.
22. Pun Tumenggung Seh Furikhan,
lalampahan sewulan den lampahi,
kalih dinten praptanipun,
kang darbe ngelmu kasap,
ngelmuning jin; nadyan abdinta pukulun,
pun Abunandir punika,
sami ngangge ngelmuning jin.
23. Ujer sami mawong sanak,
mring abdine mring Siti Kuraisin,
putra paduka pukulun,
Nata Dewi ngajerak,
kang kinarya wadananing karya ratu,

ning jin pasisir sadaya,
kang nama raja Jaswadi.

24. Nagarinipun Suwongsa,
kang Jaswadi kang ngratoni jin abrit,
dening ratuning jin biru,
kang nama raja Miswan,
Jonggiraji nagarinipun pukulun,
kang sami pinawong sanak,
Seh Furikhan Abunandir.”
25. Mangkana wau winarna,
suka-suka kang sami angsal kanthi,
tur awas jajahanipun,
kuneng kang sampun dadya,
nenggih tungtas sakathahe kang rinembug,
pan ing dalu budhalira,
Wong Agung kalih anilib.
26. Ing wuri horem kalintang,
kang tinilar Kusniya Malebari,
Wau ta ingkang lumaku,
Wong Agung nitih kuda,
Askar Diyu; Patih Abunandir wau,
tansah ing wuri tan pisah,
nitih kuda saking ing jin.
27. Marmaya dharat kewala,
Seh Furikhan; lepas lampahireki,
wus angambah dhusun-dhusun,
wana ing pagunungan,
lamun dalu arerep aneng wana gung,
nyekel kidang myang menjangan,
lan apatih Abunandir.
28. Neng wana karya dahana,
Abunandir suka anglaladosi,
mbakar daging ulam sampun,

mateng nulya dhinahar,
lawan Abunandir yen rina lumaku,
pan sampun satengah candra,
Wong Agung Surayengbumi.

29. Miwah ta Ki Seh Furikhan,
kang andherek dipati Guritwesi,
lampahe pra sami namur,
anasak padedesan,
tan kuningan lamun puniku wong agung,
pan sampun mates sawulan,
tampingane Malebari.
30. Ngancik ing jajahan liya,
nitik ingkang kambah wong Kaos nguni,
anggepok jajahipun,
paminggir Sundhangdhayang,
kuthaira sang prabu raja Pangindrus,
apan sami malih warna,
Wong Agung lan Abunandir,
31. Kuneng gantya kawuwusa,
nagri Kelan raja Kelanjajali,
amung ngadhep putranipun,
meh mbabar kang wawratan,
Kelaswara denyarsa panggih lan kakung,
cenglungen maring kang raka,
Wong Agung Surayeng weni.

X. DEWI KELASWARA SEDA KONDURAN

Sinom

1. Ciptane sakedhap netra,
kewala arsa panggih,
ing raka Sang Kakungngingrat,
sampun karaos ing galih,
Kelaswara amredi,
mring kang rama sang aprabu,
ingaturan utusan,
mring Kusniya Malebari,
ngaturana mring Kelan: Sang Kakungingrat
2. "Sampun kawanwelas candra,
punika tan arsa mijil,
kula punika sayah,
manawi nganti kang ngukir."
Kang rama anuruti,
bupati kalih ingutus,
nitih palwa pacalang,
mring Kusniya Malebari,
barat keras patang dina praptanira.
3. Lampahe tanantuk karya,
Wong Agung kapanggih sepi,
musna saking dalem pura,
ing Kusniya Malebari,
amung sang putri kalih,
kalihe sami kekintun,
tutur lamun kang raka,
Wong Agung Surayengbumi,
durung temtu yen pejaha yen gesanga,

4. Durung kongsi mangun suka,
neng Kusniya Malebari,
banjur amangun sungkawa,
ilang maring wana wukir,
matura yayi Dewi,
caraka Kelan sireku,
Lajeng duta ing Kelan,
wangsul baitanireki,
bedhol jangkar sigra denya mbabar layar.
5. Ing Laut datan winarna,
prapta nagri Kaelani,
matur solahé dinuta,
wau Kelaswara myarsi,
yen kang raka tan panggih,
musnane nedya anusul,
kang wayah icalira,
mangkana Sang raja putri,
Kelaswara sumaput lajeng kantaka.
6. Dene miarsa kang raka,
kang sakala musneng ratri,
kinira-kira cinidra,
mring Sindhangdhayang sang aji,
bapakipun raseksi,
kang ibu manungsa tuhu,
rajeng Kelan wus nyana,
’’Tiwas lakinira nini,
baya kena cinidra mring Sindhangdhayang.’’
7. Punika kantanira,
Kelaswara duk miarsi,
pangandikane kang rama,
sumaput sang raja putri,
kang jabang bayi mijil,
seda konduran kang ibu,
gumuruh cethinira,

pawonganira samyanjrit,
rajeng Kelan kambah wimbuh kawimbuhan.

8. Mulat ing putra palastra,
sumaput awetu runtik,
angiwung anarik pedhang,
"Bebayi iki marahi!
patine anak mami!"
meh tumiba pedhangipun,
malaekat anyandhak,
ping tigane angayati,
arasa medhang mring bebayi gelangsan.
9. Kuwalik-walik kang asta,
patih Gajahbiher prapti,
anyandhak sarwi angrepa,
"Sampun makaten Sang Aji,
putra sampun ngemasi,
kang wayah arsa linampus!"
rajeng Kelan asugal,
"Jer bayi iki marahi,
ing sedane Nini Putri Kelaswara."
10. Gajahbiher aturira,
"Langkung salah paduka ji,
babayi tumut punapa,
pan boten uningeng warti,
sedane Kangjeng Gusti,
apan punika pinulung,
mring kang darbe memeyan,
karsaning Hyang Maha Suci,
pan pinanci mung samanten yuswanira."
11. Katingal kadya ampuhan,
kumarpanira Sang Putri,
apan sampun sinucenan,
pinetak ing Surat Manik,
Horem ing Kaelani,

wau jabang bayinipun,
nenggih karsaning Suksma,
linabuh maring jaladri,
winadhahan ya ing kandhaga kancana.

12. Cinarita tinadhahan,
maring Jeng Bagindha Kilir,
gya inguncalaken marang,
ing muwara Jonggiraji,
apan nagarining jin,
ingkang ngratoni jin biru,
ratune: raja Miswan,
sisih lan ratu jin abrit,
sira Prabu Jaswadi rajeng Suwongsa.
13. Minangka ameng-amengan,
dening Retna Kuraisin,
ratu kekalih punika,
nenggih nagari pasisir,
sira raja Jaswadi,
ing Suwangsa prajanipun,
sisih sang raja Miswan,
sang rajeng ing Jonggiraji,
Kalihipun andel-andel ing Ngajerek.
14. Jin ijo kuning lan pethak,
ireng panekare sami,
tur prawira ing ayuda,
yen aprang lawan jin kapir,
muwaranira nenggih,
dadya pacangkramanipun,
nata Dewi ing Ngajerek,
mangkana ingkang winarni,
jabang bayi kang munggend kendhaga emas.
15. Lembak-lembak datan kesah,
neng muwara Jonggiraji,

mubeng-mubeng kombak-kombul,
kadhang ilang kadhang keksi,
alun ageng lumempit,
milane datan kadulu,
saking ing alun kontal,
mulane katingal malih,
Yata ingkang kuneng wau kawuwusa.

16. Kang kari neng nagri Kelan,
sawulan maksih prihatin,
akeh solahe karuna,
parestri sajroning puri,
Horeg wong sanagari,
kadi wong katuhu wurung,
tontonen gustinira,
katon sasolahireki,
sanagara mangu lengleng mangunengan.
17. Malih ingkang winursita,
Bukit Kap Sang raja Dewi,
kang ngedhaton Nawa Retna,
Sang Dewi Ismayawati,
lan putri Kuraisin,
nalika cangkrameng laut,
neng muwara Suwongsa,
lan muwareng Jonggiraji,
nutug suka lan wadya kuswa wahana.
18. Kerig para raja-raja,
lan sagung para dipati,
lan para putri sadaya,
makuwon pinggir pasisir,
siniweng pra dipati,
aneng pasanggrahanipun,
muwara ing Suwangsa,
prajane raja Jaswadi,
pan akathah palwa kang rinenggeng retna.

19. Enjing Sang Putri kalihnya,
siniwi pinggir pasisir,
wus tigang dalu Sang Retna,
Ismaya lan Kuraisin,
saguning pra dipati,
anata baitanipun,
ana arsa lelumban,
ngandika Ismayawati,
mring kang putra: "Ing sawengi mau ingwang.
20. Nini banget melang-melang,
malah ing saiki maksih,
hiya ing pangrasaningwang,
senig-senig ketir-ketir,
nanging ketiring ati,
dudu ketir maras iku,
mbuh ketir maring suka,
nging durung bisa ngarani,
apa sira nini ana kang karasa?
21. Babo ta ing driyanira,
kaya rasane tyas mami,"
Kang putra matur anembah,
"Tan wonten karaos inggih,
tan darbe ketir-ketir,
kadi paduka jeng ibu."
Angling Retna Ismaya,
nimbali raja Jaswadi,
kang nduweni muwara nagri Suwangsa.
22. Prapta ngarsaning Sang Retna,
ngandika Sang Raja putri,
"Heh Jaswadi ana apa,
ing telung bengi puniki,
muwaranira ing ngriki?"
Jaswadi nembah umatur,
"Gusti tan wonten paran,

kang kapyarsa kango kaeksi,
Ing Kagungan dalem muwareng Suwangsa.

23. Amung kawula supena,
sawulan lamine mangkin,
katingal wonten baita;
pun patik katiban siwi,
kawula atur paksi,
ing gusti kawula antuk,
wulan katur paduka,
menggih paduka tampeni,
inggih sampun kacetha kagungan tuwan.
24. Nanging timbalan paduka,
wulan kagadhuhken malih,
'Den beçik Jaswadi sira,
anggadhuu sasangka iki!'
nunten kawula tangi,
amung punika pukulun'',
Wau duk amiarsa,
Ni Dewi Ismayawati,
ing ature Jaswadi rajeng Suwangsa.
25. Ana kedhik lejarira,
nenggih Sang Ismayawati,
sigra anumpak baita,
miwah putra Kuraisin,
lan saguning putri jin,
malipir pinggir laut,
tedhuh riris lamutan,
melenging maruta midid,
mudhik milir anggambuh pandomanira.

XI. PRABU NUSIRWAN DUMUGI ING KADHATON MEDAYIN

Gambuh

1. Kagyat wau andulu,
tabela mas murub kumbul-kumbul,
kinon mendhet ing Dewi Ismayawati,
punang tabela mas katur,
ing ngarsa Sang Dewi karo.
2. Gya kinon mbuka sampun,
ing jro isi jabang bayi mancur,
langkung ngungun Sang Dewi Ismayawati,
ngandika ing putranipun,
”Lah ta iki putraning ngong.
3. Tinemune tyasingsun,
kang asenig-senig kepyur-kepyur,
tarataban ketir-ketir tan kuwatir,”
kang ibu sarwi andulu,
jabang bayi kang kinaot.
4. Amulat langkung ngungun,
”Sapa ta iki ingkang sesunu?
dene pekik temen binuwang jaladri,
mendah iki sepuhipun,
bagus tan ana winaon.
5. Cahya mindha sitengsu,
iki baya ta sutaning ratu,
wingit temen pasemone rare iki,
ya ta na marutanipun,
maring kandhaga sumorot.
6. Lan prabawa gumludhug,

nulya na swara andikanipun,
”Hiya nini piaranen rare iki,
anuli gawanen mantuk,
iku terahing kinaot.

7. Ya ingkang darbe sunu,
Sang Kakungingrat patutanipun,
Kelaswara rajaputri Kaelani,
ingkang mbuwang eyangipun,
Kelanjejali sang katong.
8. Konduran ibunipun,
metune iku ibune lampus,”
Ya ta langkung suka Ismaya miarsi,
rare cinandhak ingambung,
”Dhuh raganing putraningong!”
9. Ngandikeng putranipun,
”Lah Kuraisin iki kadangmu,”
sigra minggah mentas Retna Smayawati,
prapta pasanggrahanipun,
sineba ing para katong.
10. Sirnaning swara iku,
kinon ningali kang para ratu,
sami mangu saking pekiking kang warni,
Kadya cahya nabi Yusup,
mimba saking jro kadhaton.
11. Pinundhutaken sampun,
pinareng wonten garwaning ratu,
raja Miswan Jonggiraji garwaneki,
kang tinuduh embanipun,
kang pinatah sami katong.
12. Raja Jaswadi iku,
nenggih ing Suwangsa prajanipun,
manjing emban. sinung parab jabang bayi,
Raden Iman julukipun,

rajeng Suwongsa kang among.

13. Malih peparabipun,
Raden Bakdi Ngujaman puniku,
lawan malih Rahaden Banjaransari,
lan Dyan Amir-atmajeku,
Raden Umi Kelan kaot.
14. Paparab Abu Laut,
lawan Iman Jonggiraji nengguh,
lawan Raden Kusmara Akik Kuserin,
lan Raden Ismayasunu,
Krendha kanaka kinaot.
15. Kuneng kang sampun tulus,
aneng Ngajerek gantya winuwus,
kang angungsir lampahe wayahireki,
neng pagunungan anamur,
amrih warta kang sayektos.
16. Enggone wayahipun,
Prabu ing Kaos dereng apangguh,
dereng antuk pamiarsa kang sayekti,
dadya alami Wong Agung,
denya angruruh amomor.
17. Kuneng wau winuwus,
lampahe Prabu Nusirwan rawuh,
ing Medayin busekan kang methuk sami,
suka praptane Sang Prabu,
lajeng tumameng kadhaton.
18. Jroning pura gumuruh,
samya nangisi maring Sang Prabu,
prameswari suka ngluwari punagi,
pan udhik-udhikanipun,
dinar limang atus kanthong.
19. Putra katri lumebu,
miwah apatih prapteng kadhatun,

apan nutug manguneng-onengan sami,
prameswari ngandika rum,
"Heh patih den ulan kapok!

20. Sakehing panggawemu,
sapisan-pisan durung anemu,
karahayon meh tetombok ing papati,
wirangira ngundhung-undung."
patih tumungkul wot sinom.
21. Nusirwan pan anutur,
duk manggih papa kawelas ayun,
apa dene antepe dhedhokoh nguni,
nggulawenthah tai-uyuh,
Hiya si Jayengpalugon.
22. Rowange rajeng Mukub,
amulasara kasrakatingsun,
Alah iku Sri Mukub milu mariki.
lan Kandhabuwana Prabu,
kang kinon ngater maring ngong.
23. Padha walesen iku,
sewu kamulyan den bisa ngugung,
turutana srahna isining Medayin,
singa-singa kang punundhut,
sarahena aja wangkot.
24. Putra katri gya metu,
miwah Ki Patih manggihi tamu,
akasukan sinungku neng pancaniti,
putra katiga lon muwus,
"Timbalane rama katong.
25. Dhateng dika Sang Prabu,
Samsir tuwin paman Prabu Mukub,
kula pasrah isining nagri Medayin,
sumangga karsa Sang Prabu,
sampun gangge walangatos.

26. Undhangna kakang prabu,
tuwin ta paman prabu ing Mukub,
den undhangna satriya mantri bupati,
sanadyan pakathikipun,
punapa sukaning kang wong.
27. Brana pawestri ayu,
sampun taha yen seneng jinupuk,"
Samya ndheku anuwun narendra kalih,
"Inggih kalangkung anuhun,
timbangipun Sang Katong.
28. Tan kirang barkatipun,
kang putra jeng Menak Jayengsatru,
amung inggih linilanana tumuli,
yen wus jangkep pitung dalu,
kawula anunten bodhol.
29. Inggih anunten nusul,
dhateng putra Sang Prawireng pupuh.
dhateng nagri ing Kusniya Malebari,
Raden dika nunten matur,
ing rama dika Sang Katong."
30. Cinatur pitung dalu,
sakalangkung denya sugun-sugun,
tan winuwus sakathahe kang paparing,
mangkana kalihe prabu,
saking Medayin wus bodhol.
31. Ngaler ngetan anglurug,
Wadya Kandhabumi lan ing Mukub,
kang sinedya mring Kusniya Malebari,
gumuruh ingkang wadya gung,
lir kocaking samodra rob.
32. Pan arsa rajeng Mukub,
ngiras manggalani baris agung,

Ya ta kuneng kang maksih sami lumaris,
wong agung malih winuwus,
solahira asmarandon.

XII. PRABU IBNU NGUMAR LUWAR SAKING PANGANIAYA

Asmaradana

1. Ngambah dhukuh wukir-wukir,
panalasa wana-wana,
ing kang kiwa kang tebih wong,
punika ing kang den ambah,
Abunandir apisah,
amindha ratu mbeburu,
apisah lan balanira.
2. Kyana Patih Abunandir,
anuntun turangganira,
amarani rare angon,
wedhus bihal lan blegdaba,
Ki Patih tinakonon,
ing rare angon arubung,
wonten rare tigang dasa.
3. "Paman dika maring pundi,
lawan pundi wisma dika?"
Patih Bunandir saure,
"Ingsun iki wong nagara,
mbuburu pan kasasar,
apisah lan lurahingsun,
hiya Kyana Patih Bardas."
4. Rare angon anauri,
"Kyana Patih Sindhangdayang,
ing saben dina marene,
wonten sesukuning arga,

uwit tembalo ngrika,
Ki Patih lelaranipun,
andina kang pinaranan.”

5. Abunandir tanya malih,
”Apa karyane ki lurah,
anyilibaken kancane,
teka nora nganggo wékca,”
Rare angon angucap,
”Rika punapi tumienggung,
punapi mantri kewala?”
6. ”Apan ingsun iki mantri.”
Lare angon lon angucap,
”Ing ngriku Patih sabane,
amilara dora cara,
ratu liwat cinidra,
yekti keh bandhanganipun,
sapangadeging narendra.
7. Ratune mangke ginodhi,
wonten wit tembalo ngrika,
kula wingi sore nonton,
saungkure Patih Bardas,
langkung kawelas arsa,
warnane anom abagus,
ratu ing Kaos nagara.
8. Den papati mring Ki Patih,
datan kinirim panganan,
amung ing saben tengange,
paksi bango buthak prapta,
ambekta papanganan.”
Kadi-kadi boten lesu,
wau kalane miarsa,
9. Kyana Patih Abunandir,
lajeng Wong Agung tinilar,

maring ing sawiji enggon,
prapta sesukuning arga,
Kyana Patih tumingal,
kang nguger wit tembalweku,
sigra mrepeki tur sembah.

10. Kagyat wau duk ningali,
Prabu Jaka Ibnu Ngumar,
alon wau pandangune,
"Rika wong ing ngendi paman,
apa dutaning mengsah,
kinon mateni maringsun,
angur silih tumulia!"
11. Kyana Patih awotsari,
"Sampun angger salah cipta,
pan kawula pepatihe,
rama tuwan Sri Narendra,
Malebari Kusniya,
suwawi angger pukulun,
kawula angluwarana."
12. Sigra patih Abunandir,
anarik pedhang arantas,
sakathahing tetaline,
wus ucul saking sarira,
luwar Sang Prabu Jaka,
Abunandir ngraup suku,
wau Raden Ibnu Ngumar.
13. "Tarima paman sun iki,
dene agung becikira,
gedhe temen utangingngong,
apa kang sun walesena,
hiya sira jin Islam."
Abunandir lon umatur,
"Suwawi nunten mareka.

14. Ing eyang paduka gusti,
sinuhun Sultan Kuparman,
punika kang kula dherek,
wonteh ler kilen punika,
inggi ngandhaping gurda,”
Kumepyr tyasira ngrungu,
Prabu Sayid Ibnu Ngumar.
15. Cumeplong tyasira nguni,
ngaturan nitih turangga,
datan adangu praptane,
Kang eyang gupuh amapag,
tedhak saking turangga,
lumajeng nungkemi suku,
kinempit mustakanira.
16. Wong Agung ngandika aris,
”Apa kang sun walesena,
Bunandir becikira keh,
muga ta nglestarekena,
wong karya kabecikan,
winales tikel sapuluh,
suwarganira minulya.”
17. Kyana Patih awotsari,
”Pukulun kalingga murda,
ing supangat kang kinaot,
datan rumaos ing driya,
amular pangat tuwan,
nglampahi ayahanipun,
wajib risang Surayengrat.
18. Paduka Amir Mukminin,
Amir kabuka bibullah,”
Ngandika Jayengpalugon,
”Paran iki budinira,
turangga ingkang kurang.”

Abunandir nembah matur,
”Kawula ndherek kewala.

19. Nanging kawula watawis,
Patih Bardas Sindhangdhayang,
saben tengange praptane,”
”Hiya becik ingantenan,
aja cidra ing lampah,
malesi cidraning mungsuh,
pan iku kurang utama.”
20. Dyan kasaput latreng nguni,
waune wus antuk sangsam,
sigra binakar dagine,
mateng dhinahar katiga,
Ya ta kang winursita,
ing dalu sare Wong Agung,
munggeng pepojoking jurang.
21. Mangkana enjing winarni,
Kyana Patih Bardas prapta,
cara manungsa praptane,
sarwi nitih kuda pelag,
Wau sareng tumingal,
wit tembalo kang kadulu,
kang ginodhi sampun sirna.
22. Kumepyur tyasira patih,
mulat kering lawan kanan,
tan ana sujalma katon,
ngGone wong agung katrinya,
kaling-kalingan gurda,
uninga sasolahipun,
Patih tedhak saking kuda.
23. Sarwi angiling-ilingi,
rantasing godhi katingal,
pan saking pedhot tabete,

Kyana Patih julalatan,
wau ingkang alingan,
patih Bunandir wotsantun,
"Kawula ingkang maguta."

24. Wong Agung ngandika aris,
"Apa ta sira kuwawa,
iku ditya manawa bot,"
Bunandir meksa maguta,
ingiden nitih kuda,
sakapraboning prang sampun,
kawot saluhur turangga.
25. Medal saking kering wuri,
Kagyat Patih Sindhangdhayang,
anitih turangga cemplo,
minger asru dennya ngucap,
"Wong ngendi sira baya?
kang nyolong lalaraningsun,"
"Hiya ingong kang angluwar.
26. Sun Apatih Abunandir,
Sira raseksa sikara,
iku apan gustiningong
Prabu Jaka Ibnu Ngumar,
nateng Kaos nagara,
mengko wus ucul dening sun,
mangsa mundura ing rana.

XIII. PATIH BARDAS PEJAH

Pangkur

1. Kyana Patih Bardas mara narik pedhang,
"Sira manungsa ngendi?"
"Abunandir ingwang,
papatihe sang nata,
ing Kusniya Malebari,"
Sigra amedhang,
Patih Bardas anitir.
2. Tinadhahan parisane bandabaya,
Abunandir tan osik,
murub kantar-kantar,
saking sruning pamedhang,
angling patih Abunandir,
"Sira wus utang,
ingsun iki anagih."
3. Ramening prang samya prawira digdaya,
sami ungkih-ingungkih,
Abunadir sigra,
anarik pedhangira,
ingayatan Kyana Patih,
Bardas aniba,
saking luhur turanggi.
4. Malih ditya nggero krura gagah-gagah,
Arsa nyandhak Bunandir,
binarengan panah,
jaja trusing walikat,
krura nabda njungkir-jungkir,
"Pindhonen enggal,
age Patih Bunandir."

5. Pan Wong Agung alon pangandikanira,
"Nora kudu mindhoni,
sapisan kewala,
pasthi antakanira,"
Patih Bardas duk miarsi,
ujar mangkana,
niba-niba pribadi.
6. Sirahira binanting-banting ing sela,
remuk endhasireki,
polone ndaladag,
Patih Bardas palastra,
turangganira prayogi,
kinon ngambila,
mring Ki Patih Bunandir.
7. Kudanira Abunandir katur marang,
Rajeng Kaos nagari,
saksana lumampah,
anjujur wana pringga,
lampahe wong agung katri,
lami neng wana,
daluh rerep wanadri.
8. Kadi sareng ingkang lampah kuneng gantya,
Sang Prabu Kandhabumi,
lan Mukub narendra,
wau ing lampahira,
saking nagari Medayin,
Maring Kusniya,
kasasar Sindhang-curi.
9. Ngancik aneng paminggiring Sindhangdhayang,
praja tampinganeki,
nggen sagung punggawa,
sawulan saking praja,
nenggih saking Sindhangcuri,
geger busekan,

pra sami ngungsi wukir.

10. Gagap gugup wong cilik keh kang kacandhak,
lanang dipun pateni,
wadone jinamah,
keh samya ngungsi kitha,
tinakonan kang angili,
ingkang kapapag,
maring Sang Jayengmurti.
11. Abunandir megati asru tatanya,
"Ana apa sira iki?
dene gugup padha,
lumayu ngungsi wana."
Wong sawiji anauri,
"Nagri manira,
inggih kanggenan baris.
12. Langkung resah amateni anjejarah,
Sang ratu Kandahbumi,
punggawa sayuta,
pitung kethi prawira,
ngebroki ing Sindhangcuri,
pan arsa marang,
Kusniya Malebari.
13. Nanging pijer njejarah sengit miarsa,
nagri liyan agami,
Enuh datan arsa,
mateni kedahira,
ngajak agama Ibrahim,
kalangkung resah,
prajurit Kandhabumi,
14. Rajeng Mukub pangajeng remen njejarah,"
Lajeng wong agung katri,
prapteng Sindhangdhayang,
curi Wong Agung panggya,

Rajeng Mukub Kandhabumi,
Suka tumingal,
ngungun kang aningali.

15. Baris ageng saking Sindhangcuri bidhal,
gumerah gunging baris,
pepatih Kusniya,
Bunandir mungging ngarsa,
wus angancik ing paminggir,
tampanganira,
Kusniya Malebari.
16. Kawuwusa Umarmaya Seh Furikhan,
sampun miarsa warti,
wonten baris prapta,
Rajeng Kandhabuwana,
saking nagari Medayin,
lajeng umarang,
Kusniya Malebari.
17. Ambebahak jajahan ingkang kamargan,
rusuh wong Kandhabumi,
gusis praja ika,
kambah pan binoyongan,
Umarmaya sampun majing,
Lan Seh Furikhan,
panggi lan Bagindha Mir.
18. Miwah Prabu Jaka Sayid Ibnu Ngumar,
ngungun sukuring Widdhi,
budhal saha bala,
Seh Furikhan umesat,
ndhingini matur ing gusti,
lampah prapta,
Kusniya Malebari.
19. Katur maring Sang Aprabu Bawadiman,
yen kang raka kang prapta,

ingkang ingulatan,
wus kapanggih kangwayah,
Prabu ing Kaos nagari,
Sang Harya Maktal,
winartan dhandhanggendihi.

XIV. PRABU KISWAPANGINDRUS BADHE NGLURUG DHATENG MALEBARI

Dhandhanggula

1. Nagri ing Kusniya Malebari,
ubekan ingkang arsa amapag,
marang Wong Agung praptane,
mring jawi kitha sampun,
Bawadiman sagung para ji,
kerid ing Harya Maktal,
lampahe wus pangguh,
samyak sukur ing Hyang Suksma,
budhal prapta ing Kusniya Malebari,
gumrah amasanggrahan.
2. Cinarita antaranireki,
Wolung dina busananing praja,
rinarengga lelurunge,
kadhaton ngalun-alun,
lir kaswargan akarya sami,
ebate kang tumingal,
samyak lengleng mangu,
tan kena yen cinatura,
duk samana anuju dina sawiji,
kerig sagung pandhita.
3. Para ngulama suhada mukmin,
Maolana jumurung sadaya,
raja putra paningkahe,
tuwin kang para ratu,
myang punggawa satriya mantri,
angestreni sadaya,
ing paningkahipun,
Rahaden putra Jayusman,

wus apanggih lawan Dewi Kunmaryati,
langkung geng kang bawahan.

4. Tan winuwus reroncening kardi,
Ya ta ingkang pra ibu sadaya,
kang samya among panganten,
tulus denira runtut,
datan ana sawiji-wiji,
Kuneng kang among suka,
kasukan anutug,
sagung para raja-raja,
sami suka neng Kusniya Malebari,
sadaya garwa putra.
5. Ya ta ingkang kawuwusa malih,
raja Yaplulawal sanget duka,
Dhayaksengari kuthane,
enjing siniweng wadu,
aglar ingkang para dipati,
tuwin ratu amanca,
manungsa lelembut,
balane Sang Yablulawal,
kagyat dening patih Sindhangdhayang prapti,
Kya patih Dhayangunar.
6. Tinimbangan prapta atur bekti,
lamun nagri Sindhangdhayang kontrag,
"putra paduka suwenge,
Patih Bardas kalampus,
dening prangmuka kang prapti,
darojog saking wuntat,
praptane anambuh,
narpati Kaos nagara,
Ibnu Ngumar wayahipun Jayengmurti,
Pun Bardas methuk pejah.
7. Lajeng mring Kusniya Malebari,
wonten malih cundakaning mengsah,

pan sayuta prajurite,
 ing Kandhabumi prabu,
 praptanipun ambeboyongi,
 wong lanang tinumpesan,
 dening rajeng Mukub,
 panganjur Kandhabuwana,
 mangke risak nagri Sindhangdhayang gusti,
 mungsuh kang ambebahak.”

8. Duk miarsa Sri Dhayak sengari,
 raja Yablulawal sanget duka,
 tedhak jog marani nggene,
 putra Kiswa Pangindrus,
 tigang wulan neng guwa puri,
 prapta lajeng ambuka,
 guwa korinipun,
 kagyat kang mit anuraga,
 wungu marak dening kang rama kaeksi,
 Sang Prabu Yablulawal.
9. Ngadeg aneng puntu ngandika ris,
 ingkang putra anungkemi pada,
 Yablulawal andikane,
 ”Wus luwara sireku,
 pasthi Si Jayengmurti,
 dening subratanira,
 katingal maring sun,
 yekti sira kuwarisan,
 sakathahe kasekten ngalam donyeki,
 kawengku dening sira.
10. Nadyan kutha Nawaretna benjing,
 ing Ngajerak kena dening sira,
 ujare ila-dunine,”
 Nembah raja Pangindrus,
 ”Kadi-kadi makaten ugi,”
 Yablulawal lingira,
 ”Ing mengko ta kulup,
 mungsuh wis awit ambahak,

Sindhangdhayang rusak prajanira mangkin,
Papatihira pejah.

11. Ingkang siji si Bardas wus mati,
anadhahi wong Kaos nagara,
wong Kandhabumi praptane,
lawan bala ing Mukub,
ambebahak ambeboyongi,
kang kari patihira,
weh weruh maringsun,
si apatih Dhayangunar,
Payo mulih gunem aneng jroning puri,"
Prabu kakalih sigra.
12. Kiswa Pangindrus kalangkung runtik,
kadya kumukus mijil dahana,
nenggih netrane kalihe,
praptanireng kadhatun,
wus satata dhadharan sami,
Sang raja Yablulawal,
lan raja Pangindrus,
nimbali pepatihira,
Yablulawal anama Patih Dabatil,
mupugi mandra guna.
13. Lawan Patih Sindhangdhayang prapti,
jroning pura ngarsaning Gustinya,
sri naranata kalihe,
Dhayangunar umatur,
tiwasira tangga nagari,
raja Pangindrus mojar,
"Ywa susah sireku,
ingsun ingkang males benjang,
ingsun teka ing Kusniya Malebari,
yen wus antuk ing tinggal."
14. Yablulawal sigra marentahi,

"Heh Dabatil sira parentaha,
mring sagung prajurit kabeh,
samekta ing prang pupuh,
apan ingsun arsa anggitik,
Malebari Kusniya,
Bawadiman Prabu,
mintasraya wong Kugarman,
malah mangke neng Kusniya Malebari,
Sultan adi Kugarman.

15. Ngandelaken yen rijaling bumi,
mangsa ana ingkang ngasorena,
wong Kugarman ing perange,
asugih para ratu,
prajurite kadya jaladri,
jer durung memungsuhan,
hiya lawan ingsun,
Yablulawal nateng Dhayak,
ingsun iki ratu moncol ing sabumi,
tanpa tandhing ayuda.
16. Sira dhewe lumakua Patih,
anonjoka layang mring Kusniya,
iku ngandelken besane,
Sri Bawadiman Prabu,
mejanani kepati-pati,
mring nagri Sundhangdhayang,
nora katon ratu,
Sanadyan nagara Dhayak,
nora ana ratune pan bocah cilik,
amung nagri Kugarman,
17. nggoning ratu kang ngreh para aji,
adoh-adoh iku pinet besan,
putrine den sorohake,
hiya nora den ingus,
kang anduwe sengeran lami,

ratu ing Sindhangdhayang,
si Kiswa Pangindrus,
tege se ingsun kang tuwa,
den kilani mangsa mecahena ranti,
wong Dhayak brekasaan.

18. Ngandelaken duwe lam-yakunil,
sugih kulhu panulak prang Dhayak,
wong Sindhangdhayang tulake,
sapa kang wedi kulhu,
sapa wedi ing Lam-jakunil,
wong Dhayak sekti kawak,
prawirane turun,
mangsa ndadaka sarana,
tinandhing prang lawan si Surayengbumi,
srayane wong Kusniya.”
19. Atur sembah Kya Patih Dabatil,
pinaringan serat sigra mesat,
napak gegana lampahe,
ing wuri tri gumuruh,
pra dipati atata baris,
miwah wong Sindhangdhayang,
kya Patih kang mantuk,
siyaga kang bala kuswa,
pan ratune maksih neng Dhayak sengari,
nut wingking rajeng Dhayak.

XV. PEJAHIPUN RATU ING KELAN

Pangkur

1. Kuneng malih kawuwusa,
nenggih nagri Kusniya Malebari,
lan sawadya para ratu,
risang Surayengjagad,
pan lagyeca kasukan amung sadumuk,
dereng tutug sukanira,
kalangan wonten prihatin.
2. Langkung genging susah,
apan wau kadya katiban wukir,
ya ta sampun janjinipun,
sakehe kabibullah,
ing tegese lamun kekasih Hyang Agung,
kalane misih neng donya,
sinungan pangkat kekalih.
3. Sawiji pangkat kawiryan,
kawibawan siji pangkat prihatin,
Yeku sasmita satuhu,
Risang Surayengjagad,
yen mamunga wibawa bae panglulu,
amung aluhur kewala,
nora sor nora prihatin.
4. Tegese ingkang mangkana,
nora kinarsakken mulya sayekti,
kang kinarya mulya tuhu,
sinungan mulya susah,
sinandhangken kawiryan prihatinipun,
lire pepundhen rineksa,

kamulyan sajroning pati.

5. Lawan empaning sasmita,
kang linabetaken wuri-wuri,
lamun ta mengkono iku,
yekti tan linabetan,
pan cinures yeku ta sapungkuripun,
pinasthi ing dalem enas,
tan kena pinikir malih.
6. Wonten abdi tur uninga,
prapteng nagri Kusniya Malebari,
yen kang garwa sedanipun,
Kelaswara konduran,
jabang bayi linabuh mring eyangipun,
winadhahan kendhaga mas,
binuwang maring jaladri.
7. Mangkya kang rama ing Kelan,
estu murtat raja Kelanjejali,
winalik imane sampun,
mesat sami sakala,
pan linarut marang kabecikanipun,
Wau kalane miarsa,
Wong Agung Surayengbumi,
8. sakethi rentenging driya,
wus wewarta marang sajroning puri,
wau ingkang para maru,
Sudarawreti lawan,
Retna Sirtupilaeli nangis asru,
Kisbandi mentas peputra,
riri angampet ing tangis.
9. Atamajane mijil priya,
sinung parab Raden Hasim Kuwari,
ya Ambyah Kuwari bagus,
meh sami lan kang raka,

cinarita nenggih kala babaripun,
Rahaden Bakdi Ngujaman,
Raden Iman Karnaeni.

10. Yekti sareng ungelira,
lampah ingkang carita dadi ganti,
wau kang tangis gumuruh,
jro pura ing Kusniya,
wus misuwur garwaning kang para ratu,
lan garwaning para putra,
kang sami manjing jro puri.
11. Tasikwulan Ambarsirat,
Maniklungit lan Dewi Joharmani,
prapteng pura sru amuwun,
kathah ingkang karasa,
kadya guntur kang anangis bantu-bantu,
Wong Agung rebah genira,
kantaka pitulas wengi.
12. Sarira kaku sadaya,
Tobat ing Hyang wau kalane eling,
kalantur atemah junun,
mati sajroning gesang,
lir wong mati sajrone pitulas dalu,
wuyungan sadina-dina,
ing Kusniya Malebari.
13. Sira Prabu Bawadiman,
Harya Maktal Dipati Guritwesi,
katri kang munggeng kadhatun,
sirep ing patang dina,
kang anagis denya kacandhak ing rembug,
witira ingkang rinembag,
murtate Kelanjajali.
14. Kasaru ing praptanira,
Raden Wahas saking nagri Medayin,

cara durwis praptanipun,
pan mbekta wong sadasa,
pan ingutus mring kang rama Betaljemur,
mangsit marang Harya Maktal,
lan Dipati Guritwesi,

15. Lajeng tumameng jro pura,
wus apanggih marang wong agung kalih,
katri Bawadiman Prabu,
prapta samya rangkulan,
maringaken salame Seh Betaljemur,
lawan maringken wasiat,
pitutur ingkang sejati.
16. Yen nagari ing Kusniya,
Malebari kaweca nguni-nguni,
kanggenan prajurit punjul,
ing mangke kalampahan,
nanging hiya ing ngriku sarwi tinemu,
kasukan lan kasusahan,
papanggile janma luwih.
17. Aja na kurang mujadah,
den narima ing takdir aja gingsir,
prakara akeh ing pungkur,
awrat awrat ing wuntat,
aja nganti kang kantu pitulas dalu,
kang kari angubèngena,
praptingkah ingkang prayogi.
18. Umarmaya tur uninga,
angaturi putri ing Parangakik,
para garwa kalhipun,
putri Marpinjun prapta,
amung putri Kuwari tengga Wong Agung,
aneng suyasa mutyara,
wau ta kang aneng jawi.

19. Jinarwan ingkang putungkas,
saking Ki Seh Betaljemur wewadi,
putri Parangakik muwus,
"Kakangmas adipatya,
ari emas paran ta-pikirireku,
endi patut linakonon,
supaya dadi penggampil.
20. Yen ika karsa manira,
ingkang katon iku ingsun lakoni,
kakang sapa wruh ing pungkur?
dene kang wus tetela,
nagri Kelan murtat patut dadi laku,
yen iku anaa karya,
tan wurung angreregoni.
21. Gedhe nagari ing Kelan,
yekti dadi pakewuh angewuhi,"
Bawadiman lon sumabung,
"Leres kangjeng ratu mas,
ratu Dhayak Sindhangdhayang nggih pukulun,
ing warta sampun busana,
badhe angecek mariki,"
22. "Inggih yayi yen manira,
nekiyari aja sepi ing wuri,
patut iku kang lumaku,
yayi mas Parangteja,
kuciwane ing wuri cotho ing rembug,
Heh yayi mas kakang emas,
yen panuju sira kalih.
23. Nenggih Sang Prabu Yujana,
Kewusnendar iku kang ingsun tuding,
keriga sawadyanipun,
senapatining lampah,
sun kantheni Banarungsit sutaningsun,
separo kang den gawaa,

para ratu ing Serandhil.

24. Lan si Kaladini raja,
nateng Hindi sugih bala prajurit,
dene tetindhihing laku,
hiya si Darundiya,
momongane hiya dadia tetunggul,
sutaningsun ya Ki Rustam,
minangka gugating pati.
25. Sirnane kadange apan,
jabang bayi dening Kelanjajali,
yen ora oleh sasaur,
sirnane kadangira,
Kewusnendar kang mocoka sirahipun,
si murtat ratu ing Kelan,
yekti nora ndurakani.
26. Kalawan si Darundiya,
sun ajani ambanda ratu mikir,
anigasa murdanipun,
Kelanjajali raja,
nadyan ratu pinisepuh mara sepuh,
wong murtat pantes dadia,
pangewan-ewaning pati.”
27. Sirep kabeh tanpa ngucap,
pasamuwan datan wonten cumuwit,
kaluhuran sabdanipun,
Retna Dewi Sudara
mung pakewuh tyasira Retna Marpinjun,
dene timure kang putra,
tinuduh amangun jurit.
28. Nanging ajrih naurana,
ing tuduhe putri ing Parangakik,
dadi pasrah ing Hyang Agung,
”Hiya mangsa bodhoa,

kang anuduh jer sampun prajurit luhung,
dadya ngriyini sadaya,
wong agung ing Ngalabani.

29. Parentah ing Umarmadya,
sigra kinen parentah pra aji,
ingkang tinuduh anglurug,
mukul nagri ing Kelan,
Kewusnendar senapatining prang pupuh,
titindhihe Darundiya,
kang mangka retnaning baris.
30. Nenggih Raden putra Rustam,
wus sanega prajurit amiranti,
datan kawarna ing dalu,
enjing nembang tengara,
tri gumuruh budhal barising panganjur,
sang raja Suratistaham,
wuri Raden Banarungsit.
31. Sapalih kang para raja,
ing Serandil wuri Sang Nateng Hindi,
senapati wurinipun,
sang raja Kewusnendar,
kadya giri kusuma gagamanipun,
wuri raja Darundiya,
asri prajurit ing Bangit.
32. Raden Rustam pinaringan,
mring kang ibu sang putri Parangakik,
turangga ran pun Rarasrum,
lan prajurit pangayap.
kalih kethi patang leksha sri dinulu,
sami trah mati ing papan,
prajurit ing Parangakik.
33. Watara telulas yuta,
gunging baris kang mukul Kaelani,

ing marga datan kawuwus,
prapta paminggir Kelan,
Kewusnendar paparentah ing wadya gung,
”padha mbahak njejaraha,
tumpesen wong Kaelani.”

34. Wajib anrapi siyasat,
ratu murtat luwih saking wong kapid,
sinuwaran ing wadya gung,
gegera desa tampingan,
